**ÓZBEKSTAN RESPUBLİKASÍ JOQARI HÁM ORTA ARNAWLI BİLİM BERİW MİNİSTRLİGİ**

**Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik universiteti**

**Qaraqalpaq filologiyası fakulteti**

Fakultet dekanı:

______ doc. Q.Turdıbaev

«___» ________2018 jıl

5120100-filologiya hám tillerdi oqıtıw (qaraqalpaq filologiyası) bakalavr baǵdarınıń 4-kurs studenti Shamshaddinova Yulduzdıń «Házirgi qaraqalpaq lirikasında ekologiya máseleleri (K.Karimov, J.Izbasqanov shıǵarmaları tiykarında)» temasındaǵı

# PİTKERİW- QÁNİGELİK JUMISI

«Jaqlawǵa ruxsat berildi»

Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası baslıǵı

__________

«___» _______2018-jıl

Ilimiy basshısı: f.i.k. A.Dosımbetova

__________

(qolı)

**Nókis-2018**

**Mámleketlik attestaciya komissiyasınıń**

**QARARÍ:**

5120100-filologiya hám tillerdi oqıtıw (qaraqalpaq filologiyası) bakalavr baǵdarınıń 4-kurs studenti Shamshaddinova Yulduzdıń «Házirgi qaraqalpaq lirikasında ekologiya máseleleri (K.Karimov, J.Izbasqanov shıǵarmaları tiykarında)» temasındaǵı pitkeriw-qánigelik jumısına «______» ball qoyılsın

**MAK baslıǵı:** ____________________ **A. Alniyazov**

(qolı)

**MAK baslıǵı orınbasarı:** ____________________ **Q. Turdıbaev**

(qolı)

**MAK aǵzaları**:____________________ **Q. Jarimbetov**

(qolı)

____________________ **Sh. Abdinazimov**

(qolı)

____________________ **M.Qudaybergenov**

(qolı)

____________________ **Q.Paxratdinov**

(qolı)

____________________ **A.Dosımbetova**

(qolı)

____________________ **M.Qurbanov**

(qolı)

____________________ **Z.Bekbergenova**

(qolı)

____________________ **A. Tilegenov**

(qolı)

____________________ **Z. Allamuratova**

(qolı)

# Mazmunı

**Kirisiw……………………………………………………………..3**

**I. Bap. Házirgi qaraqalpaq lirikasında ekologiya máselesi**

1.1 K.Karimov lirikasında ekologiya temasınıń sáwleleniw ózgeshelikleri...10

1.2. J.Izbasqanov lirikasında insan hám tábiyat máseleleriniń sáwleleniwi…20

**II. Bap. Shayırlar dóretiwshiliginde ekologiya máselesin sáwlelendiriwde kórkemlik izlenisler**

2.1. K.Karimov lirikasında ekologiya máselesin sáwlelendiriwde kórkemlik qubılıslar …… ……………………………………………………………..29

2.2. J.Izbasqanovtıń ekologiyalıq temadaǵı qosıqlarınıń kórkemlik ózgeshelikleri ………………………………………………………………..37

**Juwmaq………………………………………………………44**

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi………………………………50**

## Kirisiw

Kórkem ádebiyat ásirler dawamında xalıq penen birge ómir súrip, xalıq turmısınıń aynası bolıp kelmekte. Sonlıqtan mámleketimizde kórkem ádebiyattıń ruwxıy mádeniyatımızdı rawajlandırıwdaǵı roli hám áhmiyetine ayrıqsha itibar qaratılıp kelmekte. 2018-jıl 5-aprel kúni Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti Sh.M.Mirziyoev tárepinen «Ózbekstan Jazıwshılar Awqamınıń jumısın bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında” qararınıń qabıl etiliwi elimizde kórkem ádebiyatqa, ulıwma ruwxıy mádeniyatqa qaratılıp atırǵan mámleketlik siyasat dárejesindegi dıqqat-itibardıń, ǵamxorlıqtıń bir kórinisi bolıp tabıladı.[1] Bul qarardıń qabıl etiliwi kórkem ádebiyattıń xalıqtıń ruwxıy dúnyasındaǵı roli hám áhmiyetin ele de arttıradı.

Xalıqtıń dártleri, táshwishleri, mashqalaları, birinshi gezekte, kórkem ádebiyatta, sonıń ishinde, poeziyada óziniń sáwleleniwin tabadı hám usı arqalı keń jámiyetshilikke qozǵaw saladı. Házirgi dáwirde biziń xalqımızdıń júregindegi eń bir awır dárti, keleshegine qáwip salıp turǵan qayǵısı – bul Ámiw hám Aral tágdiri, ekologiyalıq problema bolıp esaplanadı. Ekologiyalıq mashqala, Aral boyı regionındaǵı ashınarlı jaǵday – bul biziń elimizdegi hár bir sanalı insandı táshwishke salatuǵın, tek ǵana búgingi kúnge emes, al keleshek áwladlar tágdirine, milletimiz keleshegine qáwip tuwdırıp atırǵan mashqala bolıp esaplanadı. Bul mashqala tek biziń xalqımızdıń tágdirine ǵana emes, pútkil dúnyadaǵı tábiyiy sistemalılıqtıń, turaqlılıqtıń buzılıwına qáwip salmaqta. Solay eken, jámiyetlik sananıń ayrıqsha forması bolǵan kórkem ádebiyatta ekologiyalıq apatshılıq baslı temaǵa, shayır-jazıwshılarımızdıń tiykarǵı «jırı»na aylanǵan.

Haqıyqatında da, bul mashqalanıń kelip shıǵıw sebeplerin hám kútiletuǵın aqıbetlerin tereń sezingen halda, pútkil jámiyetshilikke qozǵaw salǵan shaxslar – bular birinshi gezekte kórkem ádebiyat wákilleri boldı. Olar óz xalqınıń ozıq oylı,

[1] Өзбекстан Республикасы Президентиниң Өзбекстан Жазыўшылар Аўқамының жумысын буннан былай да жетилистириў илажлары хаққында қарары. 2018-жыл 5-апрель// «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2018-жыл, 7-апрель

intellektual perzentleri sıpatında onıń keleshеginen qáweterlendi, táshwishlendi hám óz shıǵarmaları arqalı bul apatshılıqqa qarsı gúresti. Kóz aldında qurıp baratırǵan Aral teńizi hám onıń jaǵasındaǵı xalıqtıń ayanıshlı awhalına baylanıslı júrek dártlerin, kúyinishlerin, gúyzelislerin ózleriniń shıǵarmalarında sáwlelendirip, keń jámiyetshilikke, pútin dúnyaǵa jar saldı. I.Yusupov, T.Qayıpbergenov, T.Matmuratov, Sh.Seyitov, K.Raxmanov, K.Karimov, B.Genjemuratov, J.Izbasqanov, Sh.Ayapov, K.Allambergenov hám basqalar óz xalqınıń haqıyqıy jan kúyerleri sıpatında óz dóretpelerinde bul máseleni jan kúydirip jırladı. Olar tek ǵana dóretiwshi shaxs sıpatında mashqalanı sawlelendiirip qalmastan, onıń sheshimin izledi, keń jámiyetshilikke qozǵaw saldı.

**Pitkeriw-qánigelik jumısınıń izertlew temasınıń aktuallıǵı**. Házirgi qaraqalpaq poeziyasında ekologiya máselesin sóz etpegen shayır derlik ushıraspaydı. Ózin usı úlkeniń perzenti dep sezingen hár bir shayır bul mashqalanı jámiyetlik kólemde alıp shıǵıwǵa «óz hawazın» qospaqta. Biraq barlıq shayırlardıń bul temaǵa arnalǵan shıǵarmaların analizlew múmkinshiligimiz joq. Pitkeriw-qánigelik jumısımız kóleminen kelip shıqqan halda, házirgi poeziyanıń belgili wákilleri K.Karimov hám J.Izbasqanovlar dóretiwshiliginde ekologiya mashqalasınıń sáwleleniwin úyreniwdi maqul kórdik. Olardıń bul temadaǵı shıǵarmalarında joqarı kórkemlik penen obrazlı filosofiya, ilimiy pikirlew sheberlik penen birlestirildi. Shayırlar poeziyasındaǵı ekologiya máselesiniń arnawlı izertlenilmegeni biziń izertlew temamızdıń aktuallıǵın sıpatlaydı.

**Pitkeriw-qánigelik jumısınıń maqseti hám wazıypaları.** Biziń pitkeriw-qánigelik jumısımızdıń tiykarǵı maqseti házirgi qaraqalpaq poeziyasında ekologiyalıq apatshılıq máselesiniń sáwleleniwin belgili shayırlar K.Karimov hám J.Izbasqanov shıǵarmaları tiykarında úyreniw bolıp esaplanadı. Usı maqsetke erisiw ushın jumısımızda tómendegi wazıypalardı belgilep aldıq:

-shayır K.Karimov lirikasında ekologiya temasınıń sáwleleniw ózgesheliklerin úyreniw;

-J.Izbasqanov lirikasında insan hám tábiyat máseleleriniń sáwleleniwin analizlew;

-K.Karimov lirikasında ekologiya máselesin sáwlelendiriwde kórkemlik qubılıslar bolǵan pikirdi beriw usılları hám kórkemlew quralların izertlew;

-J.Izbasqanovtıń ekologiyalıq temadaǵı qosıqlarınıń kórkemlik ózgesheliklerin ashıp beriw.

**Temanıń izertleniw jaǵdayı.** Qaraqalpaq poeziyasında ekologiya máselesiniń sáwleleniwi 1980-jıllardan baslap kúsheydi hám ǵárezsizlik dáwirinde massalıq tús aldı. Sebebi bul dáwirlerde ekologiyalıq apatshılıq óziniń ayanıshlı aqıbetlerin jámiyetlik social turmıstıń barlıq tarawlarında tanıta basladı. Sonlıqtan 1980-jıllardaǵı hám ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq poeziyasın izertlew baǵdarına qurılǵan ilimiy miynetlerde shayırlar dóretiwshiliginde bul máseleniń sáwleleniwi boyınsha ilimiy pikirler bildirildi. S.Axmetovtıń «Qaraqalpaq sovet poeziyası» (Nókis, 1988), K. Xudaybergenovtıń «Dáwir hám parız» (Nókis, 1987), T.Mámbetniyazovtıń «Poeziya haqqında oylar» (Nókis, 1985), Q.Orazımbetovtıń «Házirgi qaraqalpaq lirikasında kórkemlik izleniwshilik» (Nókis, 1992), «Házirgi qaraqalpaq lirikasında kórkem formalardıń evolyuciyası hám tipologiyası» (Nókis, 2004), miynetlerinde hám A.Ayapovtıń «Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq publicistikalıq lirikası» (Nókis, 2010) kandidatlıq dissertaciya jumısında poeziyalıq shıǵarmalarda dáwir problemalarınıń sáwleniwiniń bir kórinisi sıpatında ekologiyalıq mashqala máselesi sóz etiledi. Joqarıda atı atalǵan miynetlerde K.Karimov hám J.Izbasqanovlar lirikası janrlıq, ideya-tematikalıq, formalıq kózqaraslardan úyrenilgen. Sonıń menen birge, ádebiyatshı alımlar Á.Paxratdinov, K.Allambergenov, M.Bekbergenovalardıń avtorlıǵındaǵı joqarı oqıw orınları ushın «XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı (Nókis, 2011) sabaqlıǵı hám Q.Turdıbaevtıń «Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyası» (Nókis,2011) oqıw qollanbasında bul eki shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında ádebiy portretler berilgen.

Sonıń menen birge, biz izertlew obyekti sıpatında tańlaǵan shayırlar dóretiwshiligi boyınsha ádebiyattanıw hám ádebiy sında bir qatar ilimiy pikirler

bildirilgen. Atap aytqanda, J.Xoshniyazovtıń «Merwert shıqlar»[1] atlı recenziyasında, J.Bazarbaev[2], K.Allambergenov[3] hám J.Esenovlardıń[4] maqalalarında K.Karimov shıǵarmalarınıń estetikalıq bahalılıǵı, shayırdıń ósiw hám ádebiyatqa keliw jolları, ádebiy processtegi shayır dóretiwshiliginiń tutatuǵın ornı, kórkem ádebiy dástúrlerge qatnası hám baslı ózgeshelikleri sóz etiledi. Sonday-aq, izertlewshi M.Nurjanovtıń magistrlik dissertaciya jumısında K.Karimov poeziyası arnawlı ilimiy izertlenedi.[5]

J.Izbasqanov dóretiwshiligi, ondaǵı ayırım teoriyalıq máseleler boyınsha da ilimpazlar tárepinen bir qatar ilimiy maqalalar járiyalandı. Bul baǵdarda T.Mámbetniyazovtıń[6], Q.Járimbetovtıń[7], J.Esenovtıń[8], Q.Orazımbetovtıń[9], P.Nurjanovtıń[10], D.Saparovanıń[11], A.Dosımbetovanıń[12] h.basqalardıń ilimiy maqalaların atap ótiw múmkin.

Kórkem ádebiyatta ekologiya, insan hám tábiyat máseleleri boyınsha P.Nurjanov, Q.Turdıbaevlardıń arnawli ilimiy maqalaları járiyalandı.[13]

Keltirilgen ilimiy-izertlew miynetlerin pitkeriw-qánigelik jumısımızdı jazıw barısında tikkeley basshılıqqa aldıq.

**Pitkeriw-qánigelik jumısınıń izertlew obyekti hám predmeti.** Pitkeriw-qánigelik jumısımızdıń izertlew predmeti sıpatında K.Karimov hám J.Izbasqanovlar poeziyasında ekologiya máselesiniń sáwleleniw ózgesheligi alındı.

---

[1] Хошниязов Ж. Мерўерт шықлар // «Жас Ленинши» газетасы, 1982, 19-май.
[2] Базарбаев Ж «Көңлим мүлки» жолға әнжам болғанда // «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, , 2005, 15-сентябрь.
[3] Алламбергенов К. «Көңил мүлким»ниң маржанлары // «Әмиўдәрья» журналы, 2011, №3, 72-77-бб
[4] Есенов Ж. Қардың аппақлығы–кеўил пәклиги // «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2008, 23-феврал.
[5] Nurjanov M. K.Karimov poeziyası: ideyalıq-tematikalıq baǵdarı. Janrlıq ózgesheligi. Obrazları. 5A120101–Ádebiyattanıw qánigeligi (qaraqalpaq ádebiyatı) magistr akademik dárejesin alıw ushın jazılǵan dissertaciya. Nókis, 2012.
[6] Мәмбетниязов Т. Поэзия – турмыс, гүрес ҳәм талпыныў, Нөкис, « Қарақалпақстан», 1993.
[7] Жәримбетов Қ. Көтериңки рух поэзиясы. Устаз жолы, 2000, 11-октябрь.
[8] Есенов Ж. Көкирегимде қуяшлы аспан. Нөкис, «Карақалпақстан», 2008
[9] .Оразымбетов Қ.Пикирлер ағымына сығасқан лирика, «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2000, 5-октябрь.
[10] Нуржанов П. Лирика – мениң өмирим, пүтин барлығым, «Устаз жолы» газетасы, 2000, 12-октябрь
[11] Сапарова Д. Лирикалық характердиң базы бир сыпатлы белгилери (Ж.Избасқанов поэзиясы мысалында). «Әмиўдәрья», 2007, №2.
[12] Досымбетова А. Ж.Избасқанов лирикасында гүз образы, «Әмиўдәрья», 2014, 5-сан
[13] Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, "Билим», 1993; Турдыбаев Қ. Ш.Сейитов поэзиясында экология мәслеси. «Әмиўдәрья», 2010, №4.

Bul eki shayırdıń poeziyalıq toplamları pitkeriw-qánigelik jumısımızdıń izertlew obyekti etip alındı.

**Pitkeriw-qánigelik jumısınıń metodologiyalıq tiykarları hám dárekleri**. Biziń pitkeriw-qánigelik jumısın jazıwımızda Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti SH.Mirziyoevtiń kórkem ádebiyat hám ruwxıy mádeniyattı rawajlandırıw haqqındağı qararlarında bildirilgen pikirleri metodologiyalıq tiykar wazıypasın atqaradı. Sonday-aq, ádebiyattanıw iliminde lirikağa arnalğan miynetler avtorlarınıń ilimiy tájiriybeleri tiykarğı ilimiy-teoriyalıq dárek wazıypasın atqardı. Aristotel, Gegel, B.G.Belinskiy, B.Tomashevskiy, V.Polyakov, L.Timofeev, I.Sultan, N.Karimov, W.Twychiev, N.Shukurov, T.Boboev, qaraqalpaq lirikasın hár tárepleme izertlewge qaratılğan S.Axmetov, K.Xudaybergenov, T.Mámbetniyazov, Q.Járimbetov, Q.Orazımbetovlardıń miynetlerindegi ilimiy-teoriyalıq pikirler izertlewdiń metodologiyalıq tiykarın belgiledi.

**Pitkeriw-qánigelik jumısınıń ilimiy jańalığı.** Házirgi qaraqalpaq lirikasında ekologiya máselesiniń sáwleleniwi shayırlar K.Karimov hám J.Izbasqanovlar shığarmaları mısalında qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde arnawlı izertlenilgen joq. Problemanıń birinshi márte arnawlı izertlew obyekti sıpatında qoyılıwı, házirgi dáwirdegi kórkem-estetikalıq kózqaraslar tiykarında úyrenilip atırğanlığı jumıstıń ilimiy jańalığı bolıp esaplanadı.

**Pitkeriw-qánigelik jumısınıń teoriyalıq hám ámeliy áhmiyeti.** Pitkeriw-qánigelik jumısımızda alınğan nátiyjeler hám ilimiy-teoriyalıq juwmaqlar qánigelik kursları hám seminar jumıslarında, sonday-aq, XX ásir qaraqalpaq poeziyası tariyxın, ádebiy process, lirikanıń rawajlanıw nızamlılıqların úyreniwde, házirgi qaraqalpaq poeziyasına bağıshlanğan monografiya, sabaqlıq hám qollanbalar dúziwde paydalanılıwı múmkin.

**Pitkeriw-qánigelik jumısınıń qurılısı.** Pitkeriw-qánigelik jumısımız kirisiw, juwmaq hám paydalanılğan ádebiyatlar diziminen tısqarı tiykarınan eki baptan turadı.

Birinshi bap « Házirgi qaraqalpaq lirikasında ekologiya máselesi » dep atalıp, bunda házirgi qaraqalpaq lirikasında ekologiya temasınıń sáwleleniw ózgeshelikleri lirikanıń problematikası kózqarasınan úyreniledi. Bap «K.Karimov lirikasında ekologiya temasınıń sáwleleniw ózgeshelikleri» hám «J.Izbasqanov lirikasında insan hám tábiyat máseleleriniń sáwleleniwi» dep atalǵan eki bólimnen turadı.

Ekinshi bap «Shayırlar dóretiwshiliginde ekologiya máselesin sáwlelendiriwde kórkemlik izlenisler» dep ataladı. Baptıń « K.Karimov lirikasında ekologiya máselesin sáwlelendiriwde kórkemlik qubılıslar» dep atalǵan bóliminde K.Karimov lirikasında ekologiya problemasınıń sáwlelendiriwde diolog, monolog sıyaqlı kórkemlik qubılıslar, troplardıń qatnası úyreniledi. Usı baptıń ekinshi bólimi «J.Izbasqanovtıń ekologiyalıq temadaģı qosıqlarınıń kórkemlik ózgeshelikleri» dep atalıp, onda shayırdıń ekologiya temasındaģı qosıqlarınıń kórkemlik ózgeshelikleri anıqlanadı.

Juwmaq bóliminde shayırlar K.Karimov hám J.Izbasqanovlar lirikasında ekologiya problemasın úyreniw barısında alınǵan teoriyalıq sheshim hám juwmaqlar berildi.

Solay etip, biz pitkeriw-qánigelik jumısımızdı házirgi qaraqalpaq lirikasında ekologiya temasın izertlew baģdarına qurıwdı maqul kórdik. Ilimiy juwmaqlarǵa keliwde ádebiyattanıw ilimindegi lirikanı izertlew baģdarındaģı miynetlerdi basshılıqqa alamız.

## I Bap. Házirgi qaraqalpaq lirikasında ekologiya máselesi

### 1.1. K.Karimov lirikasında ekologiya temasınıń sáwleleniw ózgeshelikleri

Lirika dáwirdiń áhmiyetli mashqalaların, ulıwma insanıylıq máselelerdi, xalıqtıń júregindegi dártlerin sáwlelendiriwi menen xalıqtıń ruwxıy dúnyasına, júregine jaqın jol taba aladı. Ótken ásirdiń sońǵı shereginen baslap biziń xalqımızdıń baslı mashqalası Aral boyı regionında júzege kelgen ekologiyalıq krizis hám onıń keltirip shıǵarıp atırǵan aqıbetleri boldı. Xalqımızdıń, milletimizdiń keleshegine qáwip tuwdırıp otırǵan bul mashqalanı jan ashıtıp jırlap kiyatırǵan shayırlardıń biri K.Karimov bolıp esaplanadı.

K.Karimov 1948-jılı Shımbay rayonında tuwılǵan. Respublikamızda shayır, jazıwshı hám jámiyetlik isker sıpatında belgili. K. Karimov házirgi qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwına  óziniń poeziyalıq hám prozalıq shıǵarmaları menen úles qosıp kelmekte. Ásirese, onıń keyingi jıllarda dóretilgen «Aǵabiy», «Aq qapshıq», «Ullı dásht bórileri» hám basqa romanları ádebiy processte ayrıqsha qubılıs bolıp, keń oqıwshılar jámiyetshiligi tárepinen qızǵın kútip alınbaqta.

K.Karimov óz dóretiwshiligin poeziyadan basladı. Shayırdıń dáslepki qosıqları 60-jıllardıń ortalarınan baslap járiyalana basladı. Shayır «Aralıqlar» (1981), «Waqıt minarası», (Nókis, 1983) «Meniń terezelerim» (Nókis, 1985), «Araldan keldim» (Nókis, 1991), «Kóńlim múlki» (Nókis, 1995) atlı qosıqlar toplamların járiyaladı.  K. Karimov poeziyası basqalarǵa uqsamaytuǵın, jeke ózine tán kórkemlik qubılısları menen ózgeshelenedi. Ol insan qálbiniń názik tuyǵıların filosofiyalıq juwmaqlar menen úylestirip, joqarı kórkemlik penen sáwlelendiredi. Shayırdıń poeziyasındaǵı kórkemlik, stillik izlenisler, qosıqqa tema tańlawda, mazmunǵa say kórkem forma tabıwda, syujet qurıwda óz kórinisin tabadı. Basqalar eskere bermeytuǵın detallardı poetikalıq detalǵa aylandırıwı, hámmeden ózgeshe pikirleytuǵın lirikalıq qaharman obrazın jarata alıwı shayırdıń sheberligin ańlatadı.

«Ádebiyat maydanındaǵı eń áhmiyetli mashqalalardıń biri bul-jámiyetlik turmıstaǵı tolıp atırǵan hádiyselerden dáwir talabına say tema tańlay biliw»[1] degen edi belgili ádebiyatshı P.Nurjanov. Biz, shayır K. Karimovtıń lirikasın ideya-tematikalıq kózqarastan úyrengenimizde onıń tematkalıq jaqtan bay, kópqırlı ekenligin baqladıq. Shayır poeziyasında ekologiya teması ayrıqsha orın iyeleydi.

K. Karimov ta óz xalqınıń bir ozıq oylı perzenti sıpatında ekologiyalıq apatshılıqqa duwshar bolǵan xalqınıń erteńgi kúninen qáweterlendi. Bul mashqalanıń kelip shıǵıwı, júzege kelip atırǵan ayanıshlı aqıbetleri haqqında bir qatar qosıqların dóretti.

Shayırdıń «Saǵınǵan Aral» dúrkinindegi qosıqlar, «Kewlimdegi ırǵaqlar» dúrkinindegi bir qatar qosıqları ekologiya temasına arnalǵan. «Dialog», «Diyxan», «Ana dárya tolǵawı», «Teńiz», «Suw tasıwshı», «Araldan keldim» qosıqlarınıń mazmunı Aral tragediyasına qurılǵan. Bul qosıqlarda Aral teńiziniń táǵdiri, ekologiyalıq apatshılıqtan azap shegip atırǵan xalqımızdıń keleshegi tuwralı lirikalıq qaharmannıń tolǵanısları, gúyzelisleri sáwlelengen.

Aral mashqalası - bul biziń jámiyetimiz tariyxındaǵı «tubalawshılıq dáwiri» dep atalǵan waqıtta tábiyatqa nadurıs qatnas, tábiyat hám jámiyet arasındaǵı teń salmaqlılıqtıń buzılıwı nátiyjesinde payda boldı. Bul mashqala sol waqıttaǵı mámleket basqarıw dúzimindegi jámiyet penen tábiyattıń rawajlanıw nızamlılıǵın túsinbewshiliktiń nátiyjesi bolıp esaplanadı.

Tubalawshılıq dáwirinde tábiyat, insan hám jámiyettiń ara qatnasında bir táreplemelik kelip shıqtı. Ásirler dawamında xalqımızdıń asırawshısı bolıp kelgen Aral teńizi kózsizliktiń, dańqparazlıqtıń, itibarsızlıqtıń saldarınan qurıy basladı. Orta Aziya regionında paxtadan kóp ónim jetistiriwdi gózlep tıń jerlerdi hádden tıs ashıp, Ámiwdárya hám Sırdáryanıń suwı shólistanlıqqa burıp jiberildi. Aqıbetinde Aralǵa suw jetip barmay, ol qurıy basladı. Bul regionda tábiyiy ıqlımnıń, klimattıń keskin ózgeriwine, ekologiyalıq mashqalaǵa alıp keldi.

[1] Нуржанов П.Дәуир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993.

Házirgi dáwir qaraqalpaq poeziyasında ekologiya máselesine arnap qosıq dóretpegen bir de bir shayır bolmadı. «Ǵárezsizlik jıllarındaǵı shayırlar dóretiwshiliginde Aral, suw hám ekologiya problemaları tragediyalıq pafos arqalı óz sáwleleniwin taptı. Bul, álbette, dáwir tragediyası, dáwir qarama-qarsılıqları hám insan táǵdiri kórinisiniń ádebiy processke eniwi, publicistikalıq lirikanıń ádebiy hádiyse dárejesine kóteriliwi bolıp esaplanadı.»[1] Bul temaǵa arnalǵan I.Yusupovtıń «Aral elegiyaları», «Tırnalar», «Korabller qoyımshılıǵındaǵı eles», Sh.Seyitovtıń «Keleshek górdeymeken jerdi de jerleymeken», «Qaraqalpaq ǵarrısınıń qudayǵa qol jayıp jalbarınıwı», T.Matmuratovtıń «Qumlı jaǵıstaǵı oylar», B.Genjemuratovtıń «Jeti babamnıń ismin ayt, Jáyhun!», «Áyyemgi Túrkistannıń búgingi balları» hám basqa da bir qatar shıǵarmalarda jer-suw, ekologiya máseleleri baslı orınǵa qoyılǵan. Ekologiya máselesin sáwlelendiriwde hár bir shayırdıń ózine tán izlenisleri, jolı ayqın kózge taslanadı. I.Yusupovta kóbirek lirikalıq meditaciya kúshli bolsa, Sh.Seyitovta batıllıq, realizmniń tereńligi, keskin pikirlew, ótkirlik, T.Matmuratovta tereń lirizm, oyshańlıq, B.Genjemuratovta Aral, Ámiw apatshılıǵınıń xalıqtıń ruwxıy psixologiyasına tásiri kóbirek bayqaladı. Bul shayırlardıń derlik kópshiliginde ekologiyalıq mashqalanı beriwde kóbirek «sırlasıw», «dártlerin kimgedur tógip salıw» usılı qollanıladı. Máselen, I.Yusupov óz oy-pikirlerin tırnalar menen sáwbetke, Sh.Seyitov qudaytaalaǵa múrájat etiw, B.Genjemuratov Jáyhun menen dártlesiw usılların qollanadı. K.Karimov ta usı temaǵa baylanıslı qosıqlarında sáwbet, sırlasıw, dártlerin tógip salıw usılın qollanadı.

«Diolog» qosıǵında lirikalıq qaharmannıń Aral apatshılıǵına baylanıslı táshwishleniwin shayır menen ápiwayı puqaranıń sáwbetlesiwi usılına quradı. Bul qosıqta ápiwayı diyxan shayırǵa soraw taslaydı, shayır oǵan juwap qaytaradı. Soraw arqalı apatshılıqtıń kelip shıǵıw sebepleri, aqıbetleri izlenedi, juwap arqalı lirikalıq qaharmannıń dártli keshirmeleri, gúyzelisleri tógip salınadı.

Órtep júrek-bawırın jazılmas jara,

---

[1] Аяпов А. Мустақиллик давридаги қорақалпоқ публицистик лирикаси. Автореферат канд. дисс. Нукус, 2010, 17-бет.

Mısal úyirinen bólingen maral,
Máńgi bawır basqan jaǵasın taslap,
Nege bizden qashıp barmaqta Aral?

Qosıqta haslında, shayırdıń ishki ruwxıy dúnyasındaǵı qarama-qarsılıqların, kolliziyalı oy dizbeklerin beriw ushın óz-ózi menen sóylesiw, yaǵnıy sáwbet, diolog usılın qollanadı. Qosıqta lirikalıq hám publicistikalıq usıllardı birlestiriw arqalı jámiyettegi sociallıq qarama-qarsılıqlardı sáwlelendiriw tereńlesken. Shayır «Nege bizden qashıp barmaqta Aral?» degen ritorikalıq soraw arqalı úlken jámiyetlik-siyasiy máseleni sheberlik penen ortaǵa qoyadı. Sebebi, Araldıń bunday jaǵdayǵa kelip qalıwınıń baslı sebepshileri bular – adamlar, adamlardıń oysızlıǵı, olardıń dańq, mártebe, abıroy quwıwshılıǵı. Sonlıqtan ol adamlardan qashıp barmaqta. Mine, usı turmıs shınlıǵın shayır ótkir filosofiyalıq, metaforalıq mazmunda ritorikalıq sorawdıń astarına sıyǵızıp beredi.

Shayırlar ayıpker. Men ayıpkermen.
Ámiw-Aral haldan tayǵan kúnlerde,
Olpı-solpı qosıǵıma quwanıp,
Orın táme etip júrgenmen tórden.

Kimler til qatpadı qorqıp basınan,
Kimler qorıqtı jumsaq kreslosınan.[1]

Qosıqta lirikalıq qaharman Aral apatshılıǵınıń ayıpkerlerin izleydi, dáwirdiń ashshı haqıyqatlıǵı tuwralı pikirleydi hám onıń baslı ayıpkeri shayır degen juwmaq jasaydı. Shayır ózin-ózi ayıplap, ózin gúnalaydı. Bizińshe, bul usıl arqalı shayır bul apatshılıqtıń kelip shıǵıwına jámiyettiń hár bir aǵzası ózin ayıpker dep seziniwi, hújdanı aldında ózine ózi juwapkershiligi artıwına úndep, shaqırıp atırǵanday seziledi. Shayırdıń bul qosıǵında kóbirek sezim, oy súriw, pikirlew, belgili bir juwmaq jasaw, ritorikalıq soraw, ritorikalıq qaratpalar basım orındı iyeleydi.

[1] Каримов К. Аралдан келдим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991, 9-бет.

Bunda dúnya táshwishleri, adam ómiri, keleshegi, waqıt ólshemi, táǵdirdiń qatal sınaqları haqqındaǵı lirikalıq qaharmannıń júrek sezimleri sáwlelengen.

Dúrkindegi «Ana dárya tolǵawı», «Teńiz» qosıqlarında tragizm, qayǵı, muń ele de kúsheytilgen. Bul eki qosıqta dárya hám teńizdiń tilinen olardıń ayanıshlı kelbeti súwretlengen. Dárya hám teńiz óz dártlerin insanlarǵa shaǵınadı, Shayır endi diologtan monologqa ótedi de, lirikalıq qaharmannıń gúyzelisleri, qayǵı-dártleri, tolǵanısları tógip salınadı.

Barlıǵın al,
Saǵan kerek bolmasa,
Kerek emes endi maǵan ǵáziyne,
Jıyǵanımdı almasań
Qaytaraman tábiyattıń ózine,
Qumlarımdı áketedi samallar,
Duzlarımdı áketedi samallar,
…………………………………..
Iqtıyat bol kózińe[1].

Qosıqta ritorikalıq qaratpa usılı arqalı tábiyatqa bolǵan bir táreplemeli, «tek alıwǵa» tiykarlanǵan qatnas poetikalıq ótkirlik penen teńizdiń tilinen aytılıp atır. Aral boyındaǵı duzlı shańǵıt, atmosferanıń pataslanıwı adamlar salamatlıǵına keri tásir etip ayanıshlı jaǵdaylardı payda etpekte. Jıllar dáwamında «Teńiz túbinde marjan bar», - dep teńizdiń túbine jetken adamlar búgin ózleriniń tirishiliginen qáweterge túspekte. Mine, usı Aral tragediyasınıń júzege keltirip atırǵan ashınarlı aqıbetleri shayır tárepinen «Iqtıyat bol kózińe» degen ritorikalıq qaratpa arqalı kórkem sáwlelenedi.

Shayırdıń «Saǵınǵan Aral» dúrkinine kirgen qosıqları lirikalıq qaharmannıń muńlı keshirmelerin, ishki gúyzelislerin beriwi jaǵınan I. Yusupovtıń «Aral elegiyaları» qosıǵı menen ideyalıq jaqtan únlesedi. Bul qosıqta da lirikalıq hám

---
[1] Сонда, 14-бет.

publicistikalıq sıpatlar tereńlestirilip, teńizdiń házirgi jaǵdayına ashınıw, onıń kelip shıǵıw sebeplerin, sheshimin izlew haqqındaǵı oy-tolǵanısları sáwlelengen.

Biraq bul tús emes, boldı hámmesi,
Jaqsılıq-jamanlıq shabırısıp kettti,
Dańq, dúnya, házlikke kóp awıp esi,
Aǵamlar dúziw joldan ǵabırısıp ketti.

Dáslep xızmet etken boldı berilip,
Kem-kem kisiligi tuttı kerilip,
Aqırsında mingen muzı bólinip,
Seń júrer aldında abırjıp ketti.[1]

Bul qosıqta da Aral apatshılıǵınıń sebepshilerin izleydi hám tubalawshılıq dáwirdegi mámleket basqarıwshı shaxslardıń biypárwalıǵı, dańqparazlıǵı ekenligi ashıq-aydın aytıladı. Bunda Aral jaǵısında turıp oyǵa shúmgen lirikalıq qaharmannıń kewil keshirmeleri, ruwxıy tolǵanısları tógip salınadı. Al K. Karimovta bolsa lirikalıq qaharmannıń ishki gúyzelisleri óz-ózi menen sóylesiw usılına qurıladı.

K. Karimovtıń ekologiya temasına arnalǵan qosıqlarınıń ishinde eń xarakterlisi, ádebiy ortalıqta úlken qızıǵıwshılıq tuwdırǵan shıǵarma – bul «Suw tasıwshı»[2] qosıǵı bolıp esaplanadı. Qosıqta lirikalıq qaharmannıń búgingi baslı problemamız bolǵan Aral tragediyasınan gúyzeliske túsken ruwxıy halatın beriwge qaratılǵan. Mine, usı halattı beriw ushın shayır qosıqtıń kompoziciyalıq qurılısına Suw tasıwshı haqqındaǵı ańızdı kiritedi. Ańızda sóz etiliwinshe, Mańǵıt sháhárinde bir adam adamlarǵa muzday suw tasıp berip júredi, bul xızmetine haqı almaydı. Ol qashandur islegen awır gúnasın usılayınsha juwmaqshı boladı. Suw tasıwshınıń usı halatın shayır lirikalıq qaharmannıń ruwxıy dúnyasına kóshiredi. Ol adamzattıń qılǵan awır gúnasınıń aqıbeti ushın ter tógip, suw tasıp, bul gúnanı juwǵısı keledi. Qosıqta shayırdıń dóretiwshilik qıyalları menen oyları sheshiwshi

[1] Юсупов И. Дузлы самаллар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989, 76-бет.
[2] Каримов К. Аралдан келдим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991, 16-17-бет.

áhmiyetke iye bolıp, ol qaysı bir oqıwshını da tańlandırmay, jer-suw máselesi boyınsha oylandırmay qoymaydı. Shayır ápiwayı ǵana syujetti úlken global mashqala menen júyi bilinbestey etip úylestirip jiberedi.

Kúndiz qıyal súrip, Ámiw haqqında,
Kópshikke bas qoysam keshqurınları,
Dárhal aylanaman – suw tasıwshıǵa.

Ámiwge baraman: suw ornına qum,
Qudıqqa baraman: suw orına duz.

Bul qatarlarda lirikalıq qaharmannıń pútkil qıyalı, ruwxıy dúnyası tábiyiy apatshılıq penen birge terbeledi. «Lirikalıq shıǵarmalarda epikalıq syujet, waqıyalar qatnaspaydı, al shayırdıń belgili bir waqıya, hádiyse, zat hám basqa túsiniklerge sezimi, qatnası lirik qaharman tilinen bayanlanadı yamasa juwmaqları beriledi. Usınnan shıǵarmanıń ideyası, mazmunı payda boladı. Solay eken, pikirdi jetkeriw ushın qosıq komponentleriniń durıs jaylastırıw zárúrligi óz-ózinen kelip shıǵadı.»[1] Biz talqıǵa tartıp otırǵan qosıqta shayır lirikalıq qaharmannıń oy-keshirmelerin, kórkem mazmundı jıynaqlı, tásirli jetkeriw ushın pútin bir ápsananı detal sıpatında paydalanadı.

Qosıqtıń keyingi qatarlarında lirikalıq qaharman halatı ele de kúsheytilip, ol simvolikalıq-ápsanawiy obrazǵa aylanadı. Qaratawday mesti arqalap Pamirden Tyanshanǵa deyingi barlıq dáryalardan suw tasıǵan Alpamısqa aylanadı. Bul xalıqtıń kórkem estetikalıq oylawı menen tıǵız baylanıslı. Xalıq ótmishte awır jaǵdayda, azap shekken jaǵdayında qutqarıwshı Alpamıstay batır obrazdı dóretti. Lirikalıq qaharman da xalıqtıń uǵımındaǵı qaharmanǵa aylanıp, onı qutqarıwdı qáleydi.

Qara qum kúydirip tabanlarımdı,
Harıp jıǵılaman Qızılqumlarda,
Ámiwge aytaman: - Dárya anajan,

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 18-бет.

Sabır-shıdam, kúshim sarqıldı, tamam!

Dárya til qatpaydı, «suw» deydi ballar,
Dárya til qatpaydı, «suw» deydi baǵlar.

Qosıqta lirikalıq qaharman bar kúshin sarplap háreket etse de dáryanı qutqara almay atır. Endi ol adamlarǵa jar salıp, suw tasıwǵa shaqıradı:

Suw tasıwshı bolıń, «suw» deydi ballar,
Suw tasıwshı bolıń, «suw» deydi baǵlar.

Lirikalıq qaharman ańızda awır gúnası ushın suw tasıp júrgen suw tasıwshı sıyaqlı, barlıq adamlardı awır gúnası ushın suw tasıwshı bolıwǵa húkim etedi. Bul jerde lirikalıq qaharmannıń oy dúnyasındaǵı suw sorap atırǵan «ballar» keleshek áwlad wákillerin, al «baǵlar» tábiyattıń kórkem obrazın ańlatadı. Usılayınsha shayır búgingi awladtıń keleshek hám tábiyat aldındaǵı juwapkershiligin eskertedi.

Shayırdıń ekologiya máselesin sáwlelendiriwdegi ózgesheligi onıń kórkem detallar arqalı mazmundı beriwinde ayqın kórinisin tabadı. Máselen, shayırdıń «Daraqlar tik turıp óledi» qosıǵındaǵı «shorlanǵan dala», «suw sorap gúwlegen shınar», «solǵan japıraqlar», «tik turıp ólgen daraqlar» tábiyattıń qıyralǵanın, xalqımızdıń ayanıshlı awhalın kórsetetuǵın áhmiyetli obrazlı detallar bolıp tabıladı. Solar arqalı lirikalıq qaharmannıń kúyinishi, ishki dártleri beriledi. Ásirese, «tik turıp ólgen daraqlar» detalı ayrıqsha poetikalıq xızmet atqarıp, ózinde úlken simvolikalıq-filosofiyalıq mazmundı jámleydi.

Eń uzın jollar da tawsılar,
Kim ayttı Hámiw dep tartılar.

Bir kúni ájeldiń aldında
Qáddim dal boladur. Biraq ta
Tik turıp óledi daraqlar.[1]

[1] Каримов К. Көңилим мүлки. Таңланған қосықлары. Нөкис, «Билим», 2005, 215-бет.

Biziń úlkemiz tábiyatınıń ekologiyalıq apatshılıqtan jábir shegip atırǵan jaǵdayın shayır kórkem detaldıń járdeminde obrazlı sáwlelendiredi. Haqıyqatında da, burıńǵı kelbetinen, tasqınlı dáryası hám teńizinen ayrılıp «qáste» yańlı azap shegip atırǵan tábiyattı «tik turıp ólgen daraqlar» detalı oǵada tartımlı, utımlı sıpatlaydı. Shayırdıń tábiyat qubılısların janlandırıp súwretlew arqalı lirikalıq qaharmannıń psixologiyalıq keshirmelerin ashıp beriw ózinsheligi de dıqqatqa ılayıqlı. Bulayınsha ekologiyalıq apatshılıq máselesin detal arqalı sáwlelendiriw ózgesheligin biz poeziyada basqa da shayırlar dóretiwshiliginde ushıratamız.

Házirgi qaraqalpaq poeziyasınıń belgili wákili, K.Karimov penen zamanlas shayır Sh.Ayapovtıń kópshilik qosıqlarında da tábiyatqa jan ashıtıw, ana-tábiyattı ekologiyalıq apatshılıqtan qutqarıwǵa shaqırıw ideyası sáwlelengen.

Qanatıń taldı ma ushqan qus?
Aq kóbik dáryanı jutıp dúz.
Teńizdiń ultanın qushıp duz.
Qanatıń taldı ma ushqan qus?
Qaldıń sen qaylarda,
Qaldıń sen.
Adasıp,
Asılıp kózińnen.[1]

Shayır qosıqta ekologiyalıq apatshılıqtan gúyzeliske túsedi. Tábiyattıń házirgi halatınan táshwishleniw, túskin keypiyat, nalısh sezimleri qosıqta jetekshilik etedi. Ol súwretlep atırǵan temasın shın júrekten berilip jırlaydı. Tábiyattıń kórinisinen ómir tirishiligin sezedi. Óziniń usınday poetikalıq oyların «qanatı talǵan qus», «ultanın duz qaplaǵan teńiz» obrazları arqalı sáwlelendiredi. Qosıqta tábiyat hám insan arasındaǵı qarım-qatnasta jol qoyılǵan qáte-kemshilikler aqıbeti, tábiyatqa bir táreplemeli qatnas, onıń baylıqlarınan jónsiz paydalanıw nátiyjesinde kelip shıqqan ekologiyalıq

[1] Аяпов Ш. Қус жолы. Нөкис. "Қарақалпақстан", 1986. 401-б.

apatshılıq, Aral tragediyası kórkem sáwlelendirilgen. Bunda lirikalıq qaharmannıń ruwxıy keshirmelerin ashıp beriw ushın «qanatı talǵan qus» detalı pikirdi beriwge, kórkem mazmundı tolıqtırıwǵa xızmet etip kelgen.

Tábiyat kórinisi, ekologiyalıq mashqala tuwralı jazılǵan shıǵarmalar az emes, biraq K. Karimovtıń shıǵarmalarında oy tereńligi kúshli. «Suwdıń dámi» qosıǵı da – ekologiyalıq máselelerge qurılǵan publicistikalıq lirika. Ásirese, tómendegi qatarlarda bul tragediyalıq jaǵday shegine jetip berilgen:

Tepseń tebrenbes qara jer,
Duzlı suwdı simirip únsiz,
Qaytıp duzlar quspaqta únsiz.[1]

Araldan kóterilgen duzlı shańǵıt tábiyattıń hár bir bólekshesin pútinley qaplap alǵan. Jer de shor, hawa da shańǵıtlı duz aralas, suw da duzlı. Mine, usı tirishiligimizge qáwip salıp atırǵan problema shayırdıń ishki dúnyasına qozǵaw saladı. Lirikalıq qaharmannıń, júrek sezimlerinen, dártli tolǵanıslarınan dórelgen qosıq qatarları oqıwshıda kúshli tásir qaldıradı.

Shayırdıń «Qızıl kitap», «Boljaw», «Araldan keldim», «Asaw Ámiw» deseń endigi ballar»[2] qosıqlarında ekologiyalıq apatshılıq meditaciyalıq oy-pikir, dártli tuyǵılar, tereń lirizm hám ótkir publicistizm menen úylestirilgen halda kórkem sáwlelenedi.

Men de sonday múmkinlik bolsa,
Jazar edim qızıl kitapqa,
Ana tábiyattı,
Sayızlanıp baratırǵan Araldı.
Suwsız kanal jaǵasında quwraǵan taldı.
Bárinen burın,
Olarǵa suw bere almaǵan Ámiwdáryanı.

[1] Каримов К. Көңилим мүлки. Таңланған қосықлары. Нөкис, «Билим», 2005, 113-бет.
[2] Каримов К. Аралдан келдим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991, 14-15, 18-бет.

«Qızıl kitap» qosıǵında tábiyattı qásterlewdi, Araldı saqlap qalıwdı, Ámiwdáryanı burıngı kelbetine qaytarıwdı niyet etken lirikalıq qaharman olardı «Qızıl kitap»qa kirgiziwdi qáleydi. Shayır bul arqalı ana-tábiyatımızǵa ǵamxorlıqtı, Aral-Ámiwdáryanı qutqarıp qalıw ushın pútkil dúnyalıq itibardıń ele de kúsheytiliwi haqqındaǵı oy-pikirlerin kórkemlep beredi.

«Boljaw» qosıǵında lirikalıq qaharman Araldıń, Ámiwdáryanıń búgingi kelbetinen qanshelli qáweterge tússe de olardıń keleshekte qayta tasıwına, tábiyatımızdıń qayta gúlleniwine isenedi. Bul arqalı shayır optimistlik oy-pikirlerdi rawajlandıra otırıp, xalıqqa ruwxıy mádet, tilekleslik sezimlerin, erteńgi kúnge bolǵan úmitlerin oyatıwǵa umtıladı. Shayırdıń bul qosıǵında ekologiya teması optimistlik oylar menen bayıtılıp berilse, «Ómiriniń arbası igri jollardan» degen qosıǵında tuwılǵan jerge súyiwshilik sezimleri, patriotlıq ideyası menen birlestirilip beriledi.

Araldan israpıl jelleri eser,
Talay ármanlardıń qanatın keser,
Birazlar: ózge jurt izlesek deser,
Qaraqalpaqstan ózge Watan tabılmas.

Dáwirdiń, ómirdiń táshwishleri, millet, el, xalıq, Watan táǵdiri haqqındaǵı lirikalıq qaharman tolǵanısları oqıwshıǵa oy saladı. Qosıqta tek ekologiyalıq problema emes, al adamnıń insanıylıq pazıyletleri de, filosofiyalıq pikirleri menen júyi bilinbestey etip úylestirilip jiberilgen. Nátiyjede, tábiyatımız qanday jábir tartsa da, klimatımız, jerimiz qansha shor bolsa da bizge usınnan ózge Watan kerek emes, degen ideyanı ilgeri súredi. Qosıqtıń ideyası I.Yusupovtıń «Bul jer ele zor boladı» qosıǵın eske túsiredi. Bul bizińshe, birdey sharayatta dóretiwshilik etken, ustaz-shákirtlik qatnasta ómir súrgen shayırlardıń ruwxıy jaqınlıǵı, sonıń menen birge, shayırlardıń shayır sıpatındaǵı azamatlıq wazıypalarınıń únlesliginen bolsa kerek.

Juwmaqlap aytqanda, biz pitkeriw-qánigelik jumısımızdıń bul bóliminde K.Karimov lirikasında ekologiya máselesiniń sáwleleniw ózgesheliklerin úyrenip

shıqtıq. Shayırdıń ekologiya temasın sáwlendiriwdegi ózgesheligi tábiyat penen insannıń bir pútinligindegi oyshıl, dártli, qáweterli, xalıq táǵdiyri menen tınımsız tolǵanıp atırǵan lirikalıq qaharman obrazınıń jaratılıwında kórinedi.

Shayırdıń bul temadaǵı qosıqlarında tragizm kúshli bolıp, ol lirikalıq qaharmannıń ruwxıy dúnyası qubılıslarında óz kórinisine iye boladı.

K.Karimov lirikasındaǵı ekologiya temasın arnawlı izertlew bizge kórkem estetikalıq kózqaraslarımızdı bayıtıwǵa tiykar boladı degen pikirge keldik.

## 1.2. J.Izbasqanov lirikasında insan hám tábiyat máseleleriniń sáwleleniwi

Tábiyat kórinislerin, tábiyat penen insan, jámiyet arasındaǵı baylanıstı sáwlelendiriw poeziyanıń jetekshi qubılıslarınıń biri bolıp kelmekte. Peyzaj lirikası – bul qosıq qatarlarında tábiyat kórinislerin obrazlı súwretlew hám usı tiykarda jámiyetlik qubılıslardı, insan psixologiyasın beriw bolıp esaplanadı. Usı kózqarastan, peyzajda tábiyat ireńleri hám kórinislerine ayrıqsha poetikalıq wazıypa júklenedi. Házirgi qaraqalpaq poeziyasında óziniń súwretlew lirikasına beyimligi, tábiyat lirikasına sheberligi menen tanılǵan shayır J.Izbasqanov bolıp esaplanadı.

Shayır J.Izbasqanov XX ásirdiń sońǵı shereginde poeziyamızǵa kirip keldi hám usı dáwirden baslap gazeta – jurnallarda lirikalıq shıǵarmaları menen tanıla basladı. Ol óz oqıwshılarına «Tulpar háqqında ballada» (Nókis, 1975), «Jaz ótkende» (Nókis, 1979), «Lirika dápterinen» (1982), «Ómirge qushtarlıq» (1987), «Muhabbattıń almaz qırları» (1990), «Muhabbat lirası» (1992), «Men kútken kún»

(1993), «Jollarım uzaq» (1995), «Áyyemgi ańız» (1997), "Aq quslar" (Nókis, 2014) sıyaqlı poeziyalıq toplamların usındı. J.Izbasqanov – bir qansha poemalardıń da avtorı. Shayır qosıqları tereń lirizmge, sıǵasqan oy tolǵanıslarına, obrazlı súwretlewlerge qurılǵan. Shayır qaraqalpaq poeziyasın óziniń ideyalıq-tematikalıq, janrlıq hám formalıq izlenisleri menen ele de bayıttı. Qaraqalpaq lirikasında erkin qosıqtıń lirikalıq forma sıpatında ornıǵıwına úles qostı. Ol poeziyada óziniń dóretiwshilik jolına, jeke stiline iye shayır sıpatında tanıldı. Ásirese, J.Izbasqanov peyzaj lirikasınıń sheberi, «tábiyat jırshısı» sıpatında kózge túsip kelmekte.

J.Izbasqanov lirikasında insan hám tábiyat problemasi ózine tán sáwleleniw ózgesheligine iye. Belgili ádebiyatshı S.Axmetov J.Izbasqanovtıń shıǵarmaları tuwralı mınaday pikir bildirgen edi: "Álbette, bular joqarı grajdanlıq pafos penen jırlansa ǵana, adam hám tábiyat problemasi tuwralı oylar, tolǵanıslar ájayıp kórkemlik penen súwretlense ǵana óz oqıwshısınıń uzaq jıllıq sırlası bolıp qala aladı"[1]. Ilimpazdıń durıs belgilep ótkenindey, J.Izbasqanov lirikasında insan hám tábiyat problemasi joqarı kórkemlik penen sáwlelendirildi. Shayır óziniń kópshilik qosıqlarında lirikalıq qaharman qálbindegi oy-tolǵanısların, ruwxıy keshirmelerin tábiyat kórinisleri arqalı beredi.

Shayır óziniń derlik kópshilik shıǵarmalarında tábiyattı sóz etedi. Tuwılǵan jer haqqındaǵı, muhabbat, yaki publicistikalıq mazmundaǵı shıǵarmalarında da kórkem mazmundı peyzajlıq kórinisler arqalı kórkemlep jetkeredi. Usı arqalı shayır insan, tábiyat hám jámiyettiń ajıralmas bir pútinligin, olardıń ajıralmas rawajlanıw nızamlılıǵın súwretleydi. "Sezimtal hám súwretshil shayır J.Izbasqanov óziniń tuwılǵan awılınıń tábiyiy kelbetin tek ǵana qatıp qalǵan tar ekzotikalıq kórinislerde kóriw menen sheklenip qalmaydı, al onı janlı hárekette, qozǵalısta, pútkil ómir aǵısında kóredi"[2],- dep jazǵan edi ádebiy sınshı J.Esenov shayırdıń tábiyat qosıqları tuwralı. Biz pitkeriw-qánigelik jumısımızdıń bul bóliminde shayırdıń insan hám tábiyat máselesine, ayrıqsha, ekologiya mashqalasına arnalǵan

---

[1] Ахметов С. Қарақалпақ поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 387-бет.
[2]Есенов Ж. Ўатан, туўылған жер тәбиятының ышқы.// Көкирегимде қуяшлы аспан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2008, 5-бет.

dóretpelerin talqıǵa tartıp, óz pikirlerimizdi bildiriwge háreket etemiz.

Shayırdıń “Bolmasa” qosıǵı Maqtımqulı, Ájiniyaz shayırlardıń usı atamadaǵı qosıqlarınıń ırǵaǵına salıp dóretilgen. Qosıqta ana-tábiyatımızdıń házirgi jaǵdayı, jer-suw, Aral probleması baslı orınǵa qoyılǵan. Shayır bul máselelerdi millet táǵdiyri menen baylanıstırıp, klassik shayırlardıń jolı menen qosıqqa saladı.

Toǵay-tallar...Túp tamırdan kestik biz,
“Ámiw tasqın. Qurımaydı”,–destik biz.
Paxta ushın barlıǵınan keshtik biz.
Sıylıq, ataq alǵanlarıń bolmasa.

Eki tustan ústimizge qarar qum,
Bir tárepten quyılmaqta Aral qum,
Shar tárepten izey alıp barar tıń,
Orpań topıraq qalmaǵanı bolmasa.[1]

Bul qatarlarda lirikalıq qaharmannıń kewil dúnyasındaǵı ekologiyalıq apatshılıqtan payda bolǵan gúyzelisler berilgen. Shayır apatshılıqtıń kelip shıǵıw sebepleri tuwralı da batıl pikirleydi, dáwirdiń ashshı haqıyqatlıǵın ortaǵa qoyadı. Tubalawshılıq dáwirde paxtadan mol ónim jetistirip, abıroy ataqqa iye bolıwdı gózlep, oysızlıq penen islengen islerdiń aqıbetleri tábiyatta ornı tolmas joǵaltıwǵa alıp keldi. Lirikalıq qaharman teńizdiń Aral qumǵa aylanıp baratırǵanınan qáweterlenedi, Jerdiń meliorativ awhalınıń keskin buzılıp, ózgerip, izey alıp baratırǵanlıǵı – biziń kóz aldımızda júzege kelip atırǵan turmıs shınlıǵı. Mine, usı shınlıqtı shayır jan ashıtıp, ustaz shayırlardıń jolı menen jırlaydı.

Shayırdıń “Tuwılǵan jer tolǵawı” qosıǵında tiykarınan lirikalıq qaharmannıń tuwılǵan jerdi súyiwshilik sezimleri, ósken jerge muhabbat tuyǵısı sáwlelenedi. Qosıqta shayırdıń pikirdi beriwdegi ózine tán izleniwshiligi, dástúriy formadan paydalanıwdaǵı dóretiwshilik qatnası kózge taslanadı. Qosıq forması bizge

[1] Избасқанов Ж. Мен күткен күн. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1993, 140-бет.

folklorlıq janr bolǵan tolǵawlardı eske túsiredi. «Tolǵaw sózi «tolǵanıw» sózinen alınǵan. Demek, adam kewlindegi dárt, júrekti jarıp shıqqan debdiw. …tolǵawdıń ırǵaǵı 7-8 buwınnan aspawı kerek. Bunıń baslı sebebi tolǵaw ırǵaǵınıń qobız namalarına boysındırılǵanınan bolsa kerek»[1]. Qosıqta tolǵawdıń mazmunlıq tamanına tán ózgesheligi (júrek dártlerin tolǵanıp jırlaw) saqlanǵan. Qosıqtıń tómendegi qatarlarında shayırdıń tuwılǵan jer tábiyatınıń búgingi awhalına baylanıslı dártli keshirmeleri berilgen:

Duzlı tozań shókken jer,
Men tikken aq tallar joq,
Orpań topıraq jollar joq,
Biraz jábir shekken jer.[2]

Qosıqtıń keltirilgen qatarlarında lirikalıq qaharman tuwılǵan jeriniń "jábir shekken" tábiyatına jan ashıtıp, tolǵanadı. Ol aq tallardıń quwrap, orpań topıraqtıń duzlı tozańǵa aylanıp atırǵanınan jan dúnyası lárzege keledi. Lirikalıq qaharmannıń bunday halatın shayır tolǵaw usılı, tolǵanısların tógip salıw usılı menen sáwlelendiredi. Haslında, qosıqtıń teması tuwılǵan jerge súyiwshilik bolıp, onı shayır tuwılǵan jerdiń búgingi ashınarlı awhalı menen baylanıstırıp beredi. Solay eken, házirgi dáwir qaraqalpaq lirikasında tuwılǵan jer, Watan temasın ekologiya teması menen ajıratıp bolmay qaldı. Sebebi shayırlarımız tuwılǵan jerge bolǵan muhabbat sezimlerin onıń búgingi problemasına ashınıw sezimlerinen bólip qaray almay, birlestirip bermekte.

J.Izbasqanovtıń qosıqlarında lirikalıq qaharman adamlar sanasında, jámiyette, ulıwma dúnyada júz berip atırǵan qubılıslarǵa óziniń sanalı qatnasın, múnásibetin bildiretuǵın, jámiyetlik hám adamzatlıq mashqalalarǵa jan ashıtatuǵın insan tárizinde kózge taslanadı. Ómirdi hám shınlıqtı sáwlelendiriwde kóterińkilik principi bilinip turadı. Shayırdıń búgingi kúnniń áhmiyetli mashqalaları bolǵan ekologiyalıq apatshılıq, idelogiyalıq qáwip-qáterler, dúnyadaǵı tınıshsızlıq hám

---

[1]Мәмбетов К. Қарақалпақ толғаўлары. Нөкис, " Билим", 1995. 3-6 бет.
[2] Избасқанов Ж. Мен күткен күн. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1993, 148-бет.

basqa da máselelerge baylanıslı qosıqlarında lirikalıq qaharman xarakterinde házirgi kúnniń ruwxı óz kórinisin tabadı. Shayırdıń 2003-jılı dóretilgen «Jańa jıl tilegi» dep atalǵan qosıǵında dáwirimizdiń bir qatar mashqalalarına lirikalıq qaharmannıń gúyzelisleri sáwlelengen.

Jer sharımız boylap
Hawa nurlanǵan.
Kúshinde ásirdiń Allergiyası
Duz tozańı kósher hátte qumlardan
Qulpıra almaydı sonnan giyası!

Awmasıp ketken be derseń pasıllar,
Bir de suw hám qáhát, birde tasqını,
Nebir ǵáremetler insan basında,
Jer silkiniw qáwpi barar asqınıp![1]

Qosıqta búgingi kúnimizde dúnyalıq mashqalalarǵa aylanǵan terrorizm, narkomaniya, korrupsiya, jer júzindegi urısqumarlar háreketi, ásirese, ekologiya máselesi boyınsha lirikalıq qaharmannıń táshwishli keshirmeleri, ruwxıy dúnyasındaǵı arpalısları berilgen. Qosıqta lirikalıq qaharman óz jámiyetindegi ǵana emes, al dúnyalıq, ulıwma adamzatlıq mashqalalarǵa bas qatırıwshı, óz qatnasın, bahasın bildiriwshi, oy-órisi keń, dúnyalıq kólemde pikirlewshi intellekt shaxs tárizinde sáwlelengen. Joqarıdaǵı qatarlarda lirikalıq qaharmannıń ekologiyalıq apatshılıqtan júzege kelgen ruwxıy gúyzelisleri, táshwishli oyları onıń kirip kelip atırǵan jańa jılǵa múrájáti, jańa jıl menen sırlasıwı usılında berilgen. Bul qosıq pikirdi beriwdegi qollanǵan usılı jaǵınan I.Yusupovtıń «Jańa ásirge», Sh.Ayapovtıń «Ásir menen dártlesiw» qosıqları menen únlesedi. Lirikalıq qaharmannıń dúnyalıq mashqalalardan gúyzeliske túsiwi biz analizge tartıp otırǵan qosıqta jıl menen sırlasıw, dártlesiw túrinde, al I. Yusupov hám Sh. Ayapovlardıń qosıqlarında ásir menen sırlasıw túrinde berilgen.

---

[1] Избасқанов Ж. Ақ қуслар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2014, 229-бет.

J. Izbasqanovtıń «Seksewil» qosıǵında shólde qum bawrayında ósken seksewildi táriyplew arqalı xalqımızǵa tán bolǵan shıdamlılıq, sabırlılıq qásiyetleri, tuwılǵan jerge bolǵan súyiwshilik sezimleri sáwlelenedi.

Sońın ala seni súygen shayırdıń,
Jırlarınan belli orın aldıń sen,
Saǵan kimniń isi tússe qayıl dım,
Pidalıqtan siyreklesip qaldıń sen.[1]

Shayırdıń bul qosıǵı I.Yusupovtıń usı atamadaǵı shıǵarması menen belgili dárejede únlesedi. I.Yusupov óz qosıǵında seksewil obrazı arqalı qaraqalpaq xalqınıń qıyan-qeski ótmishin, barlıq qıyınshılıqlardı tózim menen jeńip kiyatırǵan mártligin sáwlelendirse, J.Izbasqanov mártlik, shıdamlılıq sıyaqlı pazıyletler menen birge, seksewillerdiń siyreksip, azayıp baratırǵanlıǵın aytıp, tábiyat hám insan problemasın da qosıqqa sińdiredi (Saǵan kimniń isi tússe qayıl dım, Pidalıqtan siyreklesip qaldıń sen).

Belgili ádebiyatshı P.Nurjanov óziniń ilimiy maqalalarınıń birinde "Házirgi dáwirde tábiyattı qorǵaw mashqalasın hújdan máselesinen bólip qarawǵa bolmaydı. Sebebi házir adamlar hújdanǵa júginip, háreket etkende ǵana eń dáslep ózlerin hám jasaw ortalıǵımız bolǵan ana-tábiyattı saqlap qalıwımız múmkin"[2], – dep jazǵan edi. Durısında da, biz J.Izbasqanov lirikasında ekologiya máselesiniń sáwleleniwin úyrenip qaraǵanımızda shayırdıń insan hám tábiyat problemasın hújdan, adamgershilik máselelerinen bólip qarawǵa bolmaytuǵının baqladıq.

Shayırdıń "Sahranıń súwreti" qosıǵında lirikalıq qaharmannıń ruwxıy keshirmeleri onıń sahra menen sırlasıwı usılında beriledi.

Únsiz qúdiretińe ketkenbiz kónip,
Shırayı shıqpadı talay pasıldıń,
Qansha tariyx betin qoyǵansań kómip,
Zulımlıq, dańq, apat... bárin jasırdıń.

---

[1] Избасқанов Ж. Лирика дәптеринен. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1982, 11-бет.
[2] Нуржанов П. Экологиялық ҳүждан ҳәм көркем әдебият.// Дәуир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993, 30-бет.

Al, men bir tilekti tileymen kópten,
Ul-qızlarım haqqı zárre shegin dep,
Ot hám suw bálesi, qıyratıp ketpeń,
Jańa eramızdıń keleshegin dep.[1]

Lirikalıq qaharmannıń oy-keshirmeleri arqalı onıń xarakteri aydınlasadı. Ol tuwılǵan jeriniń tábiyatı, ótmishi menen tanıs. Ózi ómir súrip atırǵan jer – sahra adamlardıń qansha zulımlıǵın, dańqparazlıǵın, qansha apatshılıqtı keshirip kiyatır. Lirikalıq qaharman hújdanı taza, haqıyqatgóy insan tárizinde sahranıń sheginiwin tileydi, qumlıqqa aylanıp baratırǵan jerimizden qáweterlenedi.

Shayırdıń "Qumlar", "Turan. XXI ásir ármanı», «Náylajlıq», «Xalqım» hám taǵı basqa qosıqlarında ekologiyalıq mashqala publicistizm hám elegiyalı oylar menen qarıstırılǵan halda sáwlelenedi.

"Qumlar" qosıǵında lirikalıq qaharmannıń ekologiyalıq apatshılıqtan júzege kelgen oy-tolǵanısların beriwde qumlardı detal sıpatında qollanadı.

Ásirlerden pinhamı saqlap,
Sırlarıńdı ayan etpeyseń,
Ya ótmishten azǵana datlap,
Xalıq tariyxın bayan etpeyseń.

Sóytip bayan etedi bárin,
Jaǵalay el qonǵanın bunda,
Jáyhun dárya burıp ańǵarın,
Eldiń búlgin bolǵanın bunda.[2]

Qosıqta búgingi ekologiyalıq apatshılıqtıń kelip shıǵıwı haqqında lirikalıq qaharmannıń oy-pikirleri berilgen. Lirikalıq qaharman qumlar menen "sáwbetlese"

[1] Избасқанов Ж. Ақ қуслар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2014, 149-бет.
[2] Избасқанов Ж. Ақ қуслар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2014, 151-бет.

otırıp, Ámiwdárya suwlarınıń qumlarǵa burıp jiberiliwi usınday úlken búlginshilikke alıp kelgenligi tuwralı kórkem pikirleydi.

J.Izbasqanov – qaraqalpaq poeziyasında kishi lirikalıq formalardı rawajlandırıwǵa salmaqlı úles qosqan shayır. Ol óziniń kishi lirikalıq formalarında da ekologiyalıq máseleni qısqa tujırımlı qatarlar menen ıqsham, tásirli sáwlelendiredi. Máselen, "Turan. XXI ásir ármanı» dep atalǵan qosıǵı 4 qatardan, "Náylajlıq" dep atalǵan qosıǵı 9 qatardan, "Xalqım" qosıǵı 8 qatardan ibarat. Ádebiyatshı Izzat Sultan mınaday pikir keltirgen edi: "Lirikalıq shıǵarmada kóbinshe insannıń tap sol waqıttaǵı basınan keshirip atırǵan halatı óz kórinisin tapqanlıǵı ushın lirikalıq janr qısqalıqqa umtıladı."[1] Demek, J.Izbasqanov ta ekologiyalıq apatashılıqqa, xalıq, millet táǵdiyrine baylanıslı tap sol momentte júzege kelgen qayǵılı, muńlı keshirmelerin, gúyzelislerin beriwde kishi lirikalıq formalardan utımlı paydalanadı.

Bul átirapta – suw emes, espe qum tolǵan,
Báribir ańsayman báhárdiń paslın,
Sahrayı keńlikler, biyúmit bolmań,
Túsińizge enip qanatlı tasqın.[2]

Qosıqta ekologiyalıq apatshılıqqa baylanıslı shayırdıń házir payda bolǵan tasqınlı sezimleri qısqa qatarlar menen ıqsham bayanlanǵan. Usı qısqa qatarlardıń ózinde lirikalıq qaharmannıń xalıqtıń keleshegine úmitleri, táshwishleniwleri sáwlelengen. Shayır "Báribir ańsayman báhárdiń paslın" degen qatar arqalı lirikalıq qaharmannıń keleshekke degen optimistlik oyların beredi.

Kúnine mıń ret qıynap táǵdiriń,
Qıyalımdı ar-sar qılasań, xalqım,
Duzlı tozań jutıp búgin hár biriń,
Átteń, náylaj ishten tınasań, xalqım[3].

---

[1] Султан Иззат. Адабиёт назарияси. Тошкент, «Ўқитувчи», 1980. 252-бет.
[2] Избасқанов Ж. Ақ куслар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2014, 185-бет.
[3] Сонда, 419-бет.

“Xalqım” dep atalǵan qosıǵınan alınǵan bul qatarlarda lirikalıq qaharmannıń xalıqtıń táǵdiyrine, erteńgi keleshegine degen táshwishli oyları tereń oyshıllıq, ómir shınlıǵın batıl súwretlewshilik penen bayanlanadı. Qosıqta dáwir kórinisi, onıń áhmiyetli máseleleri, problemaları, joqarı estetikalıq sezimler, adam hám tábiyat problemas tuwralı oylar, tolǵanıslar kórkem sáwlelengen. Lirikalıq mazmundı lirikalıq qaharman keshirmeleri arqalı beriwde “duzlı tozań” detalı sátli tańlanıp,  ayrıqsha poetikalıq xızmet atqarıp kelgen.

Juwmaqlap aytqanda, biz pitkeriw-kánigelik jumısımızdıń bul bóliminde J.Izbasqanov lirikasında ekologiyalıq apatshılıqtıń sáwleleniw ózgesheligi tuwralı ózimizdiń baqlawlarımızdı bildirdik. Shayır shıǵarmalarında ekologiya máselesi tikkeley usı temaǵa arnalǵan qosıqlarında, sonıń menen birge, jámiyetlik mashqalalardı tutas beriwge qaratılǵan publicistikalıq qosıqlarında berildi. J.Izbasqanov lirikasında tuwılǵan jer, Watan temasındaǵı qosıqlarda da tuwılǵan jer tábiyatınıń búgingi jaǵdayına lirikalıq qaharmannıń kúyinishleri, ókinishleri kórinisinde ekologiyalıq mashqala sáwlelenedi.

# II. Bap. Shayırlar dóretiwshiliginde ekologiya máselesin sáwlelendiriwde kórkemlik izlenisler

## 2.1. K.Karimov lirikasında ekologiya máselesin sáwlelendiriwde kórkemlik qubılıslar

Házirgi qaraqalpaq lirikasınıń rawajlanıw baǵdarları tuwralı belgili ilimpaz Q. Orazımbetov bılayınsha pikir bildirgen edi: «Lirikalıq shıǵarmalarda kóbirek gumanistlik kózqaraslar ele de kúshlirek rawajlana basladı, shayırlarımızdıń óz jolına, jazıw usılına iye bolıwǵa, kórkemlik izleniwshilikke dıqqatı kúsheydi. Xalıqtıń haqıyqat kórkem tariyxına, turmısı menen mádeniyatına qızıǵıwshılıq arttı, sociallıq hám ulıwma adamzat mashqalaların: jaqsılıq hám jamanlıq, ómir hám ólim, ádep-ikramlılıq hám ruwxıy mashqalalardı sóz etiw baslı orındı iyeleydi.»[1]

Lirikanıń usınday rawajlanıwına úles qosıp kiyatırǵan shayırlardıń biri K.Karimovtıń shıǵarmalarında da lirikalıq hám publicistikalıq usıllardı birlestiriw, sonday-aq, jámiyettegi sociallıq qarama-qarsılıqlardı izertlew ózinsheligi tereńlesti.

Shayır Aral, Ámiw tragediyasına arnap kóp ǵana qosıqlar dóretti. Bul temanı sáwlelendiriwde K.Karimov ózine tán "qol tańbası" menen tanıldı. Ekologiya temasındaǵı qosıqlarında shayır ekologiyalıq apatshılıqtı hár qıylı aspektte, hár qıylı detallardıń járdeminde súwretleydi. Bul qosıqlardaǵı kórkem oy, tartımlı lirikalıq syujet, pikirdi beriwdiń usılları lirikalıq qaharmannıń ruwxıy dúnyasındaǵı tragediyalıq halattı, joǵaltıw sezimlerin oqıwshınıń sanasına kóshiredi, onda tereń poetikalıq túsinikti payda etedi.

K.Karimovtıń ekologiyalıq apatshılıqtı sáwlelendiriwdegi kórkemlik izlenisleri, birinshi gezekte, onıń qosıqlarındaǵı tartımlı, ıqsham lirikalıq syujetler jasaw sheberliginde kórinedi.

---

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем излениўшилик, Нөкис, «Билим», 1992, 15-бет.

Shayırdıń “Saǵınǵan Aral” dúrkinindegi qosıqlarında syujet qurıwdıń elementar usılları bolǵan diolog hám monologlardan paydalanadı. Bul qosıqlardı biz ideyalıq mazmunı jaǵınan jumısımızdıń aldıńǵı bóliminde talqıǵa tartqan edik. Biziń dıqqatımızdı tartatuǵın ózgesheligi bul qosıqlardaǵı pikirdi beriwdiń ózine tán usılı qollanıwında kórinedi. Dúrkindegi birinshi qosıqta lirikalıq qaharman sıpatında “shayır”, al obyektiv obraz sıpatında “grajdanin” qatnasadı. Shayır qosıq mazmunın usı eki qaharmannıń diologına quradı.

Bulttay jasıl dóngen jazdıń waǵında,
Altınǵa megzegen gúzgi saǵımda,
Shuwıldısı qulaǵımnan ketpeydi,
Kimnen soraǵlayın toǵaylarımdı?

Qosıqta usılayınsha Grajdanin soraw taslaydı, bul soraw arqalı shayır tábiyat apatshılıǵınıń kelip shıǵıw sebeplerin izleydi, oqıwshıǵa oy saladı. Al shayırdıń qaytarǵan juwapları arqalı bul mashqalanıń kelip shıǵıw sebepleri, tubalawshılıq dáwirdiń qáte-kemshilikleri, el basshılarınıń oysızlıq penen islegen háreketleriniń nátiyjesi batıllıq penen súwretlenedi.

Hár kim hár tamannan awızdı saldı,
Alǵárez, dúnyanı bólisip aldı.
Izey suwdı iship ayaqtaǵı xalıq,
Báhri Aral pútkil biynesip qaldı.

Qosıqta usılayınsha pikirdi, kórkem mazmundı beriwdiń ózine tán usılı qollanılǵan. Lirikalıq qaharmannıń oy-tolǵanısların, keshirmelerin gá ritorikalıq soraw, muńlı tuyǵılar, gá ótkir meditativlik pikirlew arqalı jetkerip beriwde diolog usılı shayır tárepinen utımlı qollanılǵan.

Dúrkindegi “Ana dárya tolǵawı”, “Teńiz” qosıqlarında pikirdi beriwdiń monolog usılı qollanılǵan Monolog usılı lirikalıq qaharmannıń qálbindegi dártli keshirmelerin, muńlı oyların, gúyzelislerin tógip salıw, oqıwshıǵa júregin ashıp

taslaw imkaniyatın kúsheytedi. “Qosıqta teńizdiń ishki monologları forması sheberlik penen oylap tabılǵan usıl sıpatında orınlı qollanılǵan.”[1]

Shayırdıń “Suw tasıwshı” qosıǵında da kórkem mazmundı beriwde lirikalıq syujet qollanılǵan. Qosıqtaǵı ıqsham lirikalıq syujet ózine tán tartımlılıǵı, emocionallıǵı menen ayqın kózge taslanadı. Jumısımızdıń aldıńǵı babında sóz etip ótkenimizdey, bul qosıqta Suw tasıwshı haqqındaǵı kishkene ańız syujeti kiritilgen. Qosıqtı oqıp baslaǵanımızdan biz lirikalıq syujet penen tanısamız. Mańǵıt sháhárindegi suw tasıwshı haqqındaǵı bul syujet jumbaqlı, sırlı túske iye. Shayırdıń bul syujetti ne ushın qosıqtıń kompoziciyasına kirgizgenligi qosıqtı oqıw barısında kem-kem oqıwshınıń sanasında ańlasılıp baradı.

Sonda aylanaman Alpamısqa men,
Qaratawday mesti salıp iyinge,
Qaraqum kanalı, Túyemoyınnan,
Pamir hám de Tyanshanǵa deyingi,
Barlıq dáryalardan, barlıq kóllerden,
Mesti toltıraman tınbay kúni-tún,
Tınbay juwıraman basıp shóllerdi,
Mańlaydan monshaqlap aǵadı terim.[2]

Demek, qosıqtıń mazmunı ańızdaǵı suw tasıwshı haqqınde emes, ol lirikalıq qaharmannıń tolǵanısların jetkeriwge xızmet etip kelgen. Lirikalıq syujettiń artında azap shegip atırǵan tábiyattı, hálsirep atırǵan dárya, teńizdi qutqarıw ushın lirikalıq qaharmannıń tınımsız tolǵanıp atırǵanlıǵı beriledi. Joqarıdaǵı qatarlardaǵı janlandırıw menen giperbolizm lirikalıq qaharman halatın ele de aydınlastırıwǵa, oy-tolǵanıslardı emociyalı jetkeriwge xızmet etedi.

Shayır Aral apatshılıǵı, tábiyat tragediyasın suwretlewde kórkem detallardan, ritorikalıq sorawlar, ritorikalıq úndewlerden paydalanadı hám mazmunnıń kórkemligine erisedi.

---

[1] Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011, 294-бет

[2] Каримов К. Аралдан келдим. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1991, 17-бет.

Jalıqpasań jıyıp al,
Balıqlardıń súyeklerin shashılǵan,
Qayırlaǵan balıqshınıń qayıǵı,
Zeńlep atqan sudnolarım kerek pe?
Formaları usaytuǵın júrekke,
Baqanshaqlar kerek pe?[1]

Bular ilimiy kózqarastan qaraǵanda, ritorikalıq sorawlar, yamasa pikirdi beriwdiń ózine tán usılı – lirikalıq qaharmannıń tábiyat penen, anıǵıraǵı, óz-ózi menen sırlasqan ishki monologları bolıp tabıladı. Bul arqalı shayır ekologiya mashqalasın ózine tán kórkemlik usıl menen ortaǵa qoyadı, pikirdiń tásirsheńligine erisedi. "Haqıyqatında, bul naǵız sheberlik penen ózinshe salınǵan tábiyat kartinasınan jasalǵan tereń gumanizmge tolı pikirler bolıp, onda shın mánisindegi tragediyalılıq ta orınlı túrde sintezlenip ketkenligin seziw qıyın emes"[2], - dep pikir bildirgen edi ádebiyatshı ilimpazlar shayırdıń usı shıǵarması tuwralı.

Shayırdıń ekologiya temasındaǵı qosıqlarında ritorikalıq soraw usılı eń bir ónimli qollanılǵanın baqladıq. Bizińshe, bunıń sebebi bul temadaǵı qosıqlar tiykarınan keń jámiyetshilikke qozǵaw salıw, oqıwshılarǵa oy salıw tileginen dóretilgenlikten bolsa kerek. Oqıwshılardı oylanıwǵa, izleniwge úndeytuǵın kórkemlik usıllardıń biri ritorikalıq soraw usılı bolıp tabıladı.

Shólistanǵa keldi adamlar,
Hám qumlardı tasladı serpip,
Dedi: suwǵa ıntıq bulmanlar,
suwdı ashtı,
suwdı ashtı.
Batpaqlıqqa aylandırǵansha.
Endi qumlar uytqıp soraydı mennen,
Batpaqlıqta jasay alasań ba?

[1] Каримов К. Аралдан келдим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991, 13-бет.
[2] Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011, 294-бет.

Oǵan  ne dep juwap beremen?[1]

Shayırdıń “Shólistanda jasadım, qumlar,” dep baslanatuǵın qosıǵı lirikalıq qaharmannıń ekologiyalıq apatshılıqtıń kelip shıǵıw sebeplerin kórkem bayanlawına qurılǵan. Qosıqta pikirdiń ótkirligin támiyinlewde kórkemlew usıllarınan gradaciya, inversiya, qaytalaw hám ritorikalıq soraw qollanılǵan. Qosıqta tábiyatqa bolǵan nadurıs, bir táreplemeli qatnas gradaciyalıq usıl menen kem-kem kúsheytilip beriledi. Qumlıqtı batpaqlıqqa aylandırǵansha islengen kózsizlik háreketler lirikalıq syujet arqalı kem-kemnen kúsheytiledi. Inversiya hám qaytalawlar pikirdiń emocionallıǵın  ele de kúsheytip keledi. Qosıqta ritorikalıq soraw arqalı lirikalıq qaharmannıń juwapsız, tubalap qalıwı ulıwma jámiyettiń ilajsız, sharasız jaǵdayǵa kelip qalǵanlıǵın kórkem sáwlelendiredi. Shayır ritorikalıq sorawdıń járdeminde qosıqta lirizmdi tereńlestiredi, sorawdıń juwabın izlewdi oqıwshınıń sanasına kóshiredi, oǵan oy saladı.

Shayırdıń ekologiya temasındaǵı qosıqlarında kórkem detallar pikirdi beriwge qatnaslı ónimli qollanıladı. “Butifos”, “Jup qumırı haqqında ballada” qosıqlarında “butifos”, “uwlanǵan japıraq”, “uwlanǵan suw”,  “bir tamshı suw”,  “jup qumırı”, “kewip qalǵan dárya ańǵarı” sıyaqlı detallar ekologiyalıq mashqalanı tartımlı etip jetkeriw ushın kórkemlik xızmet atqaradı.

Japıraq uwlanǵan, uwlanǵan,
Suwlar da uwlanǵan, uwlanǵan,
Topıraq uwlanǵan, uwlanǵan,
Baǵlar da uwlanǵan, uwlanǵan.
...Párshege bólinbes atomday,
Qanımda butifos gezedi.[2]

Qosıqta “butifos” kórkem detal sıpatında paxtadan mol ónim jetistiriw ushın hawanı, tábiyattı kózsiz záhárlewden kelip shıqqan zıyanlı aqıbetlerdi, tubalawshılıq jıllardıń ashshı haqıyqatlıǵın sáwlelendiredi. Burıńǵı Awqamnıń mámleket basqarıw dúziminde Orta Aziya respublikaları tek ǵana paxta

[1] Каримов К. Аралдан келдим. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991, 19-бет.
[2] Сонда, 77-бет

jetistiriwshi regionǵa aylandırılıp, paxtadan kóp zúráát jetistiriw ushın jabayı shóplerden tazartıw yaki  japıraqtı quwratıw ushın túrli záhárli ximikatlar ashıq túrde samolet arqalı hawadan sebiletuǵın edi. Al bul jerdegi xalıqtıń jasaw sharayatı, den sawlıǵı ulıwma itibarǵa alınbadı. Mine, usı turmıs shınlıǵı haqqındaǵı lirikalıq qaharmannıń  ishki debdiwlerin shayır záhárli ximikat bolǵan "butifos" detalı arqalı beredi. Usı arqalı shayır úlken jámiyetlik-sociallıq mashqalanı sáwlelendiredi, insan qanınıń záhárleniwi xalıq tirishiliginiń qáwip astında ekenligin sıpatlaydı. Qosıqta poetikalıq qaytalaw da kórkemlikti támiyinlew ushın qatnastırılǵan.  Ásirese, "uwlanǵan" sóziniń hár bir qatarda qaytalanıp keliwi ózinde úlken mánilik salmaqtı alıp júredi.

Al "Jup qumırı haqqında ballada" shıǵarmasında bir tamshı suw izlep salmaǵa, kanalǵa, dáryaǵa, teńizge barıp, kewip qalǵan ańǵarǵa dus kelgen jup qumırı kórkem detal sıpatında ekologiyalıq apatshılıq, jer-suw mashqalasınıń aqıbetlerin tásirli jetkeriw ushın kórkemlik xızmet atqaradı.

Bir tamshı suw!
Jalǵız tamshı suw!
Qus nalası kóklerge jetti.
Shóldiń órtin sóndirmek ushın,
Jup qumırı tawlarǵa ketti.

Jup tamshı suw–
Jup tamshı ómir.
Muzlardadur tawdı dastanǵan.
Nuwdıń appaq kepteri yańlı.
Ketti olar sheksizlik taman.
Jup qumırınıń izinen qarap,
Únsiz ǵana jılar ruwhım[1].

[1] Сонда, 72-бет.

Jup qumırı salmadan, kanaldan, dáryadan bir tamshı suw tabalmay tawǵa, tawdıń muzlı shıńlarına ushadı. Qosıqta ekologiyalıq apatshılıq haqqındaǵı mazmundı beriwde gradaciya usılı qollanıladı. Shólirkegen qustıń ayanıshlı jaǵdayı kem-kem kúsheytilip baradı, nátiyjede oqıwshı qustıń táǵdirine qıynalıp, onıń menen birge bir tamshı suw izlep ketken sıyaqlı ruwxıy halattı sezinedi. Qosıqta bul hádiyse, yaǵnıy barlıq dárya, jap, salmalardıń ańǵarınıń kewip, bir tamshı suw tabalmay gezip júrgen jup qumırı waqıyası 2588-jılı dep beriledi. Bul – shayır tańlaǵan kórkemlik usıl. Lirikanıń kórkem waqıt hám keńislik boyınsha sheksizlik imkaniyatınan paydalana otırıp, shayır búgingi áwladtı sergitiwge, erteńgi urpaqlarınıń táǵdirinen seskendiriwge, mashqalanıń sheshimin tabıwǵa háreket etiwge shaqıradı.

K. Karimovtıń ekologiyalıq mashqalanı kórkem sáwlelendiriwdegi izlenisleri onıń kórkemlew qurallarınan paydalanıwında da kózge taslanadı.

Tentek Jáyhun ishin alǵan shortanday,
Múlayımsıp qaldı Aralǵa tambay,
Talay jıllar saratannıń ishinde,
Diyxanshılıq suwdan tarıqtı sonday.

("Diolog")

Bul qatarlarda shayır tárepinen jańa teńew qollanılǵan. Ámiwdáryanıń búgingi jaǵdayınıń "ishi alınǵan shortanǵa" teńeliwi jańasha kórkem pikirlew bolıp tabıladı. Ishi alınǵan shortannıń jansız, háreketsiz halatı dáryamızdıń búgingi kelbetin obrazlı sıpatlaydı. Bul teńew shayırdıń ekologiyalıq mashqalanı sáwlelendiriwde alıp barǵan kórkemlik izlenisleriniń nátiyjesi sıpatında júzege kelgen.

Usı qosıqtıń tómendegi qatarlarına itibar qaratayıq:

Dáryanıń artında ańǵar qaladı,
Teńizdiń artında qumlar qaladı,
Máǵar, jelkildesken baǵlar serpilip,
Samalǵa shaǵınǵan muńlar qaladı.

Bul qatarlarda da lirikalıq qaharmannıń ishki gúyzelisleri kórkemlew quralı menen bayıtılıp berilgen. Dárya, teńiz, baǵlardan ayırılıp “samalǵa shaǵınǵan muńlardıń” ǵana qalıwı lirikalıq qaharmannıń oy-tolǵanısların ótkirlestiredi, oqıwshıǵa tásir kúshin arttıradı. “Samalǵa shaǵınǵan muńlar” metonimiyası xalıqtıń kelesheginen qáweterge túsken lirikalıq qaharmannıń kewil tuyǵıların, muńlı keypiyatın obrazlı sıpatlaydı.

Biykar yańlı mıń jıl tolqıp turǵanı,
Tolqın kókke shapshıp, jarǵa urǵanı,
Ashkózlik hám oysızlıqtıń qurbanı,
Ámiwge intizar Araldan keldim.

(“Araldan keldim”)

Bul qatarlarda oy-pikir metaforalasqan. Lirikalıq qaharman Aral tragediyasına baylanıslı oyların emocional jetkeriw ushın kórkemlewdiń ayrıqsha quralı bolǵan metaforadan paydalanadı. Araldı “ashkózlik penen oysızlıq qurbanı” dep sıpatlawı ekologiyalıq apatshılıqqa alıp kelgen tubalawshılıq dáwirdiń haqıyqatlıǵın kórkem sáwlelendiredi.

Záhár menen bılǵap kóllerdi,
Okeandı aydap shóllerge,
Bir kún seni áylesem qarep,
Keshir meni, Ana-tábiyat!

(“Bas iyemen, Ana-tábiyat”)

Qosıq qatarlarında lirikalıq qaharman obrazın tolıqtırıwda, onıń oy-sezimlerin tereńletiwde metafora qollanılǵan. Tubalawshılıq dáwirdegi tábiyatqa bolǵan nadurıs qatnas “záhár” metaforası menen kórkem sáwlelengen.

K.Karimovtıń ekologiya temasındaǵı qosıqlarında pikirdi kórkemlep beriwde epitetler de qollanıladı. “Asaw Ámiw” deseń endigi ballar” qosıǵında “Asaw Ámiw”, “Tentek Jáyhun”, “saqıy Ámiw” epitetleri qollanılǵan. Al “Suwdıń dámi” qosıǵında epitet arqalı búgingi ishimlik suwımızdıń shorlanıp, pataslanıp qalǵanlıǵı haqqındaǵı lirikalıq qaharmannıń gúyzelisleri beriledi.

“Dushshı suw”  dep soraydı ballar,
Ballar túwe, hátteki, baǵlar,
Biyzar bolǵan “dámli” suwlardan.

Juwmaqlap aytqanda, biz pitkeriw-qánigelik jumısımızdıń bul bóliminde K.Karimovtıń ekologiya temasındaǵı qosıqlarında qollanılǵan kórkemlik qubılıslardı úyreniwge háreket ettik. Shayırdıń pikirdi beriwdiń diolog, monolog, ritorikalıq soraw usıllarınan utımlı paydalanǵanın anıqladıq. Shayır ekologiyalıq apatshılıqtı sáwlelendiriwde lirikalıq syujet, kórkem detallardan paydalanadı.

Kórkemlew usılları menen quralları da shayırdıń tolǵanısların, oy-pikirlerin tereńletiwde, qosıqqa lirizmdi sińdiriwde ayrıqsha kórkemlik xızmet atqarǵanlıǵın baqladıq.

## 2.2. J.Izbasqanovtıń ekologiyalıq temadaǵı qosıqlarınıń kórkemlik ózgeshelikleri

Búgingi jámiyetimizdiń global problemasına aylanǵan ekologiya, Aral-Ámiw tragediyasın sáwlelendiriwde, dáwirdiń haqıyqatlıǵın sáwlelendiriwde J.Izbasqanovtıń kórkemlik izlenisleri de dıqqatqa ılayıqlı. Shayır qosıqlarında insan hám tábiyat problemasın túrli aspektlerde alıp sáwlelendiredi.

Shayır lirikasında lirikalıq qaharmannıń kúshli emocional halatı, kúyinip turǵan ruwxıy keshirmeleri, tolqıw sezimleri bar. Usınday halattı tábiyiy halında jetkeriw ushın shayır kóbinese, peyzajlıq kórinislerdi kórkemlew quralları sıpatında paydalanadı, hár bir sózge poetikalıq salmaq taslaydı. Shayırdıń ekologiyalıq máselege arnalǵan qosıqlarındaǵı kórkemlik izlenisleri de lirikalıq qaharman obrazın ashıwda, publicistikalıq ruwhtı tereńlestiriwde áhmiyetli xızmet atqaradı.

Shayırdıń «Turan. XXI ácir ármanı» qosıǵın biz jumısımızdıń birinshi babında problematikalıq kózqarastan talqıǵa tartqan edik. Endi usı qosıqtıń kórkemlik ózgesheligi boyınsha talqıǵa tartıwǵa háreket etemiz. Qosıq qısqa

kólemli (4 qatarlı) bolıwına qaramastan, usı tórt qatar arqalı úlken globallıq mashqalanı ortaǵa qoyadı. Qosıqtıń atamasınan kórinip turǵanınday, qosıqta pútin Turan oypatınıń XXI ácirdegi táǵdiri haqqındaǵı lirikalıq qaharmannıń oy-tolǵanısları beriledi.

Bul átirapta – suw emes, espe qum tolǵan,
Báribir ańsayman báhárdiń paslın,
Sahrayı keńlikler, biyúmit bolmań,
Túsińizge enip qanatlı tasqın

Qosıqta joqarıdaǵı úlken jámiyetlik mazmundı ashıp beriwde, lirikalıq qaharmannıń ruwxıy keshirmelerin tereńlestiriwde kórkemlew quralları ayrıqsha xızmet atqarıp kelgen. Qosıqtıń birinshi qatarında kórkemlew usılı bolǵan antiteza qollanılǵan. Antiteza pikirlerdiń, predmetlerdiń qarama-qarsı qoyılıwı bolıp, pikirdi emocional jetkeriwge xızmet etedi. Bunda kontekstlik antiteza, yaǵnıy qarama-qarsılı uǵımdaǵı sózler «suw» menen «espe qum» biri-birine qarama-qarsı qoyıladı. Bul sózler qoyılǵan problemaǵa baylanıslı ǵana qarama-qarsılıqqa iye, yaǵnıy suw azayıp onıń ornın espe qumlardıń iyelep atırǵanlıǵı málim. Usı mazmundı shayır birinshi qatarda antiteza usılı menen kórkemlep beredi. Usı orında ádebiy sınshı J.Esenovtıń shayır J.Izbasqanov lirikası tuwralı tómendegishe pikirlerin keltirip ótiw orınlı: «Shayır geyde tábiyat kórinisleri menen tábiyat qubılısların qaharmannıń ishki ruwxıy halatların beriw ushın oǵan qarama-qarsı bolǵan kontrastlıq usılda da alıp súwretlegenin kóriwge boladı.»[1] Ekinshi qatarda lirikalıq qaharmannıń optimizmge suwǵarılǵan oy-keshirmeleri birinshi qatardaǵı halatqa qarama-qarsı baǵdarda beriledi. Lirikalıq qaharman qanday jaǵdayda da keleshekten, bul mashqalanıń sheshiliwinen úmit etedi. Shayır keleshekke bolǵan úlken úmitti «báhár pasılı» metaforası menen beredi. Úshinshi qatarda da ekinshi qatardaǵı pikir aǵımı dawam ettiriledi, lirikalıq qaharman tábiyattı da úmitke, isenimge shaqıradı. Bunda pikirdiń kórkemligin támiyinlewde janlandırıw hám epitet xızmet atqaradı. Shayır keńislikke, tábiyatqa janlı qatnasta múrájáát etedi,

[1] Есенов Ж. Мәўсимлер муқамы –көңилдиң айнасы. // Көқирегимде қуяшлы аспан. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2008, 11-бет.

usı keńislikti «sahrayı» epiteti menen sıpatlap, oy-pikirdi ele de kórkemleydi. Tórtinshi qatarda oy-pikirge juwmaq jasaladı, shayır sezdirmeytuǵın sheberlik penen «dáryanıń tasqınlı kelbetiniń túske aylanıp» baratırǵanın aytıp, keń jámiyetshilikke qozǵaw saladı. Lirikalıq qaharmannıń oy keshirmeleri «qanatlı tasqın» epitetli metaforası menen kúsheytilip berilgen. Usılayınsha qosıqtıń hár bir qatarında kórkemlew ámelleriniń qollanılıwı qosıqqa tabıs keltirgen, ondaǵı emocionallıqtı, lirikalıq qaharman halatın kúsheytip kelgen.

Shayırdıń «Jańa jıl tilegi» qosıǵında ekologiyalıq apatshılıq máselesin qosıq mazmunına engiziwde kórkemlew quralları qollanılǵan.

Jer sharımız boylap
Hawa nurlanǵan.
Kúshinde ásirdiń Allergiyası
Duz tozańı kósher hátte qumlardan
Qulpıra almaydı sonnan giyası!

Qosıqta lirikalıq qaharmannıń ruwxıy keshirmelerin tereńlestiriwde kórkemlew qurallarınan utımlı paydalanılǵan. Shayır lirikalıq qaharmannıń dúnya júzilik mashqalalar boyınsha meditativ pikirlewlerin, ekologiyalıq apatshılıqtan júzege kelgen qayǵılı keshirmelerin, muńlı keypiyatın beriwde metafora hám simvollardıń kórkemlew xızmetinen paydalanadı. Ásirese, «ásir Allergiyası» metaforası házirgi globallasıw dáwiriniń barlıq mashqalaların, xalıq-aralıq qáweterli jaǵdaylardı da ózine jámleydi. Al «duzlı tozań» simvolı biziń regionımızda keskinlesken ekologiyalıq krizistiń kórkem sáwleleniwi bolsa, «qulpıra almaǵan giya» ekologiyalıq apatshılıqtan jábir shegip atırǵan tábiyattıń simvolı bolıp esaplanadı.

Ishqı ketip kórmey bir gúlge,
Baha berer baqa búlbilge,
Qaldırǵanın bizdi úrginde,
Men-men degen erler bilmedi.

Shayırdıń «Kópten beri hayran qalaman» dep baslanatuǵın qosıǵınan alınǵan bul qatarlarda ruwxıy dúnyası pás kimselerge bolǵan lirikalıq qaharmannıń bahası metaforalardıń járdeminde kórkem súwretlenedi. Qosıqtıń keyingi eki qatarınıń mazmunında tubalawshılıq dáwirdegi el basshılarınıń nadurıs siyasatı nátiyjesinde júzege kelgen tábiyat apatshılıǵı «úrgin» metaforası menen kórkem sáwlelengen. Metafora arqalı lirikalıq qaharmannıń ruwxıy keshirmeler halatı ele de kúsheytilgen, átiraptaǵı qubılıslarǵa qatnası aydınlastırılǵan.

Sálem, seller!
Sezdim dalanıń
Ǵarq bolǵanın juwsan iyisine,
Mıń bir dártke dawa boların
Gúl lábine uyıǵan shire.

Ayar bolsań kóńil gúlimdi,
Shól qoynına tez-tez quyıńlar!
Adamzattıń erteńgi kúngi,
Nesiybesi bolıp uyıńlar.

Qosıqta lirikalıq qaharman ekologiyalıq apatshılıqtan jábir shegip atırǵan sahraǵa, tábiyatqa seldiń quyılıwın qáleydi. Usı arqalı lirikalıq qaharman qálbinde de sel sıyaqlı tasqınlı qubılıstıń, jańalanıwdıń bolıwın ańsaw tilekleri sáwlelenedi. Lirikalıq qaharman selge tábiyiy apatshılıqtan qutqarıwshı sıpatında múrájáát etedi, janlı múnásibette qatnas jasaydı, yaǵnıy apostrofanıń kórkemlew xızmetinen paydalanadı. «Apostrofa (grek tilinen awısıw) –janlandırıwdıń bir kórinisi bolıp, jansız nárse yaki hádiyselerge janlı nárselerdey qatnasta bolıw (múrajaat etiw) yamasa ózi joq adamǵa barday etip múnásibet etiw»[1]. Qosıq qatarlarındaǵı «kóńil gúlim» metaforası da lirikalıq qaharmannıń ruwxıy keshirmelerin oqıwshıǵa tez ańlatıw, tásirliligin kúsheytiw ushın qollanıladı.

Tariyx talay márte óshirdi seni,

[1] Dosımbetova A. Ádebiyatta kórkemlew quralları. Nókis, "Qaraqalpaqstan", 2017, 32-bet.

Birazlar shennen tıs esirdi seni,
Tiriley qábirge kóshirdi seni…
Solay da mıń jıllap turasań, xalqım.

«Xalqım» qosıǵanan alınǵan bul qatarlarda lirikalıq qaharmannıń óz xalqına bolǵan perzentlik súyiwshilik sezimleri, keleshegine bolǵan optimistlik oyları xalıqtıń búgingi baslı mashqalalarına jan ashıtıw sezimleri menen qarıstırılıp berilgen. Mine, usı mazmundı júzege shıǵarıwda «qábir» metaforası qollanılǵan.

Shayırdıń «Náylajlıq» dep atalǵan qosıǵında ekologiyalıq apatshılıqqa baylanıslı xalıqtıń, keleshek áwladtıń táǵdiyrine ashınıw sezimleri sáwlelengen.

Mákan basqan Aralqumnıń qasında,
Búgin tamshı suwǵa zar bul qarekeń,
Álem jaralǵalı insan basında,
Usı náylajlıq degen bar eken.

Náylaj bolǵanım bar ótken kúnlerde,
Ózim hám ulımnan ayırılıp qalıp,
Arzımdı aytarman endi kimlerge?
Endi ómirim boyı ótermen nalıp…

Aralınan ayrılǵan xalıq – MEN![1]

Qosıqta kórkemlew qurallarınıń ayrıqsha túri sinekdoxa qollanılǵan. Sinekdoxa járdeminde shayır qosıqta Aralınan ayrılǵan pútin xalıqtı lirikalıq qaharmannıń «MEN»i arqalı sáwlelendiredi. Bul arqalı pútin xalıqtıń qayǵı-dártlerin lirikalıq qaharmanǵa kóshirip, usı dárt penen jasap atırǵan, xalıq dártlerin alıp júriwshi obrazǵa aylandıradı.

Qosıqtıń mazmunın kórkemlewde shayır sonday usıl qollanadı, lirikalıq qaharmannıń jeke ómirindegi tragediya, yaǵnıy perzentin joǵaltıwǵa baylanıslı músiybet penen tábiyattı joǵaltıwǵa bolǵan músiybetti psixologiyalıq jaqtan

[1] Избасқанов Ж. Ақ куслар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2014, 314-бет.

parallel qoyadı. Nátiyjede shayır Aral mashqalasın hár bir insannıń jeke músiybeti dárejesine kóteredi. Ekologiyalıq mashqalanı beriwdiń usıǵan uqsas usılın biz shayır Sh. Seyitovtıń «Keleshek górdeymeken, jerdi de jerleymeken?!» dep atalǵan qosıǵında da ushıratamız. Bul qosıqta da ekologiya problemması ortaǵa qoyılǵan. Qosıqta dáslep eń qádirli adamlarınan – anasınan, ákesinen, qostarınan ayrılǵan lirikalıq qaharmannıń kewil kúyleri, dártleri súwretlenedi. Qosıqta, haslında, lirikalıq qaharmannıń jeke músiybetleri sáwlelengen sıyaqlı,  biraq pikir, lirikalıq syujet kem-kem kúsheyedi.

Ámiw, Sır tolmaǵanda,
Aralım tolarmedi?!
Ol marhum bolmaǵanda,
Jer marhum bolarmedi?!
…Men ólsem – bir arshın jer,
Jer ólse qayda sıyar?!
Kim kimge «SHúkir et» der,
Onıń ne paydası bar?![1]

Bunda jerdiń ólimi, onı jerlew mashqalası qoyıladı. Oqıwshı óziniń eń jaqın adamınan ayrılǵan sıyaqlı músiybetti sezinedi. Shayır sheberlik penen ulıwma adamzatlıq mashqalanı hár bir adamnıń jeke dárti dárejesine alıp keledi.

Bul eki shayırda da lirikalıq qaharmannıń ruwxıy halatı sonday sáwlelendiriledi: ol óz jeke ómirinde awır músiybetke duwshar boldı, usı músiybet ulıwma adamzatlıq qayǵıǵa, tábiyattı joǵaltıw músiybetine ulastırıladı.

J.Izbasqanov lirikasında ekologiyalıq apatshılıq máselesin úyreniw barısında bir kórkemlik qubılıs biziń dıqqatımızdı tarttı. Bul ekologiyalıq jaǵdayǵa baylanıslı kelip shıqqan kórkemlew quralları bolıp, shayır tárepinen poeziyaǵa engizilgen jańasha kórkemlik qubılıslar bolıp tabıladı. Shayırdıń qaysı bir temaǵa baylanıslı dóretilgen shıǵarmalarında da lirikalıq qaharmannıń halatın Aral, Ámiwdiń házirgi kelbetine megzetiwler, salıstırıwlar tiykarında jańasha kórkemlik birlikler payda

[1] Сейитов Ш. Жоллар. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1987.33- бет.

etilmekte. Bul qóbinese, túskin ruwxıy halatlardı beriwde qollanıladı. Máselen, shayırdıń «Aqın Bazekeń kóshkende» qosıǵı – óz dostına arnap jazılǵan, doslıq múnásibetlerdi, qıymaslıq sezimlerdi sáwlelendiriwshi qosıq. Qosıqtaǵı tómendegi qatarlarǵa itibar qaratayıq:

Sharlaydı bilmem nege qıyal bárin?-
Dostım az bolǵan soń qıyalmadım,
Qıymaǵan soń keń dúnyaǵa sıyalmadım.
Órisi qulazıǵan Araldayman.

Shayır ekologiyalıq temaǵa arnalmaǵan qosıqlarında da lirikalıq qaharmannıń ruwxıy keshirmelerin beriwde ekologiyalıq kórinislerge baylanıslı peyzajlıq detallardı kórkemlew quralları sıpatında qollanıladı. Shayır lirikalıq qaharmannıń dostına degen qıymaslıq sezimlerin beriwde onıń ruwxıy halatın «órisi qulazıǵan Aralǵa» teńeydi. Bunday qubılıstı biz basqa shayırlarda da ushıratamız. Máselen, G.Dáwletova óz qosıqlarınıń birinde lirikalıq qaharmannıń hayal-qızlardıń jámiyetlik mashqalalarına baylanıslı publicistikalıq oy-pikirlerin beriwde onıń qulazıǵan kewil keypiyatın «Araldaǵı qırlap qalǵan sazanday»[1] teńewi menen beredi.

Shayırdıń «Bul álemge men hám kelip dúnyamdı taptım» dep baslanatuǵın qosıǵında da joqarıdaǵı sıyaqlı kórkemlik qubılıstı ushıratamız.

Men liramda jırlar bolsam qanbas sherlerim,
Sherlerimdey qalǵır suwǵa qanbastan átirap.

Qosıqta shayır obrazındaǵı lirikalıq qaharman óz qosıqların shólirkegen átirapqa teńeydi. Solay eken, shayırlar dóretiwshiliginde, atap aytqanda, J. Izbasqanov lirikasında ekologiyalıq apatshılıqqa baylanıslı tábiyat kórinisleri kórkemlew quralları sıpatında qollanıw qubılısı júzege keldi hám bul kóbinese, túskin ruwxıy halatlardı beriw ushın qollanıladı.

Kóbinese, tınıw tán emes,
Kóńilimniń dáryalarına.

[1] Дәўлетова Г.Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял! Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001. 8-бет.

Shayırdıń «Kóńil- dárya, sezim-tolqınlar» dep baslanatuǵın qosıǵınan keltirilgen qatarlarda lirikalıq qaharmannıń ruwxıy dúnyası, sezimler álemi «kóńil dáryası» metaforası menen beriledi. Lirikalıq qaharmannıń «kóńil dáryası»na tınıw tán emes, ol tasqınlawdı qáleydi. Shayır bul jerde sheberlik penen lirikalıq qaharmannıń «kóńil dárya»sın psixologiyalıq jaqtan házirgi ekologiyalıq sharayatqa, qaytqan, tınıp qalǵan dáryaǵa, Ámiwge qarama-qarsı qoyadı.

Juwmaqlap aytqanda, biz pitkeriw-qánigelik jumısımızdıń bul bóliminde J.Izbasqanovtıń ekologiyalıq mashqalanı súwretlewshi qosıqlarınıń kórkemlik ózgesheliklerin úyreniwge háreket ettik. Shayırdıń ekologiyalıq apatshılıqtı sáwlelendiriwdegi kórkemlik izlenisleri bul mashqalaǵa keń oqıwshılardıń dıqqatın qaratıwǵa xızmet etedi degen pikirdemiz.

# JUWMAQ

Kórkem ádebiyattıń basqa túrlerine salıstırǵanda, lirika xalqımızdıń júregine jaqınlıǵı, onıń ishki kúyinishlerin, qayǵı quwanıshların kóbirek sáwlelendiriwi menen ózgeshelenedi. 1980-jıllardan baslap ekologiyalıq mashqala poeziyanıń jetekshi temalarınıń birine aylanıp úlgerdi. Shayırlarımız ekologiya mashqalasın operativlik penen óz qosıqlarında sáwlelendire otırıp, apatshılıqtıń aqıbetleri boyınsha keń jámiyetshilikke qozǵaw salıp kelmekte. Sonıń menen birge, shayırlar bul temadaǵı qosıqları menen xalqımızǵa ruwxıy mádet berip, erteńgi keleshegine isenim, úmit oyatıw sıyaqlı estetikalıq wazıypalardı da atqarıp kelmekte. I.Yusupov jol salıp bergen bul azamatlıq wazıypanı inabat penen orınlap kiyatırǵan shayırlardan K.Karimov hám J.Izbasqanovlar bolıp tabıladı. Biz pitkeriw-qánigelik jumısımızda zamanlas hám qálemles dos bolǵan bul eki shayırdıń lirikasındaǵı ekologiyalıq máseleniń sáwleleniw ózgesheligin úyreniwge háreket ettik. Shayırlardıń ekologiyalıq mazmundaǵı lirikalıq shıǵarmaların úyreniw barısında tómendegishe juwmaq hám sheshimlerge keldik.

– Házirgi dáwir qaraqalpaq poeziyasında ekologiya máselesine derlik barlıq shayırlar óz dóretpelerin arnadı. I.Yusupov, Sh.Seyitov T.Matmuratov, B.Genjemuratov, Sh.Ayapov hám basqa shayırlar jer-suw, ekologiya máseleleri boyınsha qosıqlar dóretip, onda el-xalıq, millet táǵdiyrin baslı orınǵa qoyadı. Ekologiya máselesin sáwlelendiriwde hár bir shayırdıń ózine tán izlenisleri, jolı ayqın kózge taslanadı.

– K.Karimov lirikasında da ekologiya temasına baǵıshlanǵan qosıqlar kópshilikti quraydı. «Dialog», «Diyxan», «Ana dárya tolǵawı», «Teńiz», «Suw tasıwshı», «Araldan keldim» hám basqa qosıqlarında ekologiyalıq apatshılıqtıń kelip shıǵıw sebepleri, aqıbetleri lirikalıq qaharmannıń dártli keshirmeleri, gúyzelisleri arqalı kórkem sáwlelenedi.

-Shayırdıń ekologiya temasındaǵı qosıqlarında lirikalıq hám publicistikalıq usıllardı birlestiriw arqalı jámiyettegi sociallıq qarama-qarsılıqlardı sáwlelendiriw

tereńlesken. Biz shayırdıń ekologiyalıq mazmundı sáwlelendiriw ózgesheliklerin onıń bir qatar qosıqların shayırlar I.Yusupovtıń, Sh.Ayapovtıń usı temadağı qosıqları menen ideyalıq kózqarastan salıstırıp úyrendik. Bul bağdarda biz qaraqalpaq poeziyası wákilleriniń dóretiwshiliginde ekologiya máselesin sáwlelendiriwde ulıwmalıq únlesliktiń, jaqınlıqtıń bar ekenligin baqladıq. Bul qosıq mazmunındağı tragizmniń tereńlesiwinde, meditaciyalıq pikirlewdiń ótkirlesiwinde hám elegiyalılıq sıpatqa iyeliginde kózge taslanadı.

- «Suw tasıwshı» qosığı shayırdıń kótergen máselesin joqarı kórkemlik penen ashıp beriwi jağınan ádebiy ortalıqta úlken qubılıs boldı. Qosıqta shayırdıń dóretiwshilik qıyalları menen oyları sheshiwshi áhmiyetke iye bolıp, ol qaysı bir oqıwshını da tańlandırmay, jer-suw máselesi boyınsha oylandırmay qoymaydı. Shayır ápiwayı ğana syujetti úlken global mashqala menen júyi bilinbeytey etip úylestirip jiberedi.

- Shayırdıń «Suwdıń dámi», «Daraqlar tik turıp óler», «Qızıl kitap», «Boljaw», «Araldan keldim», «Asaw Ámiw» deseń endigi ballar» qosıqlarında da ekologiyalıq apatshılıq meditaciyalıq oy-pikir, dártli tuyğılar, tereń lirizm hám ótkir publicistizm menen úylestirilgen halda kórkem sáwlelenedi.

- Kórkem pikirlew dúnyası boyınsha tábiyatqa kóbirek jaqın, «tábiyattıń sırlası» bolğan shayır J.Izbasqanov ta ekologiya temasın sáwlelendiriwde óz qoltańbasına iye. Shayır óziniń bir qatar qosıqlarında lirikalıq qaharmannıń kewil dúnyasındağı ekologiyalıq apatshılıqtan payda bolğan gúyzelislerin sáwlelendiredi. Shayır apatshılıqtıń kelip shığıw sebepleri tuwralı batıl pikirleydi, dáwirdiń ashshı haqıyqatlığın ortağa qoyadı.

-Shayırdıń "Bolmasa" qosığında ana-tábiyatımızdıń házirgi jağdayı, jer-suw, Aral problemasın millet tágdiyri menen baylanıstırıp, klassik shayırlardıń jolı menen qosıqqa saladı. Al "Tuwılğan jer tolğawı" qosığında shayırdıń tuwılğan jer tábiyatınıń búgingi awhalına baylanıslı dártli keshirmeleri lirikalıq qaharmannıń tuwılğan jerdi súyiwshilik sezimleri, ósken jerge muhabbat tuyğısı menen qarıstırılıp jiberiledi.

-Shayırdıń “Sahranıń súwreti”, “Jańa jıl tilegi”, “Qumlar”, “Turan. XXI ásir ármanı», «Náylajlıq», «Xalqım» hám taǵı basqa qosıqlarında ekologiyalıq mashqala publicistizm hám elegiyalı oylar menen birlestirilgen halda sáwlelenedi. Biz jumısımızda olardıń ayırımların I.Yusupovtıń qosıqları menen salıstırıp úyrenip, óz kózqaraslarımızdı bildirip óttik.

-Ekologiyalıq mashqalanı sáwlelendiriwde shayırlarımızdıń kórkemlik izlenisleri de dıqqatqa ılayıqlı. K.Karimov lirikasında, kóbirek, tartımlı lirikalıq syujet, pikirdi beriwdiń usılları, kórkem detallar lirikalıq qaharmannıń ruwxıy dúnyasındaǵı tragediyalıq halattı, joǵaltıw sezimlerin tásirli jetkeriwge xızmet etedi.

-Shayırdıń “Saǵınǵan Aral” dúrkinindegi qosıqlarında qosıq mazmunı lirikalıq syujetke qurılıp, ol  diolog hám monologlar arqalı júzege keledi. Bul usıl arqalı mashqalanıń kelip shıǵıw sebepleri, tubalawshılıq dáwirdiń qáte-kemshilikleri, el basshılarınıń oysızlıq penen islegen háreketleriniń nátiyjesi batıllıq penen súwretlenedi.  “Suw tasıwshı” qosıǵında da lirikalıq syujet qollanılǵan. Qosıqtaǵı ıqsham lirikalıq syujet ózine tán tartımlılıǵı, emocionallıǵı menen ayqın kózge taslanadı.

- Shayır Aral apatshılıǵı, tábiyat tragediyasın suwretlewde kórkem detallardan, ritorikalıq sorawlar, ritorikalıq úndewlerden paydalanadı hám mazmunnıń kórkemligine erisedi.  Shayırdıń ekologiya temasındaǵı qosıqlarında kórkem detallar ayrıqsha xızmet atqaradı.  “Butifos” qosıǵında zahárli element bolǵan “butifos”, “Jup qumırı haqqında ballada” qosıǵında “jup qumırı”, “kewip qalǵan dárya ańǵarı” sıyaqlı detallar sátli tańlanǵan.

- K. Karimovtıń ekologiyalıq mashqalanı kórkem sáwlelendiriwdegi izlenisleri onıń kórkemlew qurallarınan paydalanıwında da kózge taslanadı.

-J.Izbasqanovtıń ekologiyalıq máselege arnalǵan qosıqlarındaǵı kórkemlik izlenisleri de lirikalıq qaharman obrazın ashıwda, publicistikalıq ruwhtı tereńlestiriwde áhmiyetli xızmet atqaradı. Biz shayırdıń «Turan. XXI ácir ármanı», «Jańa jıl tilegi», «Xalqım», «Kópten beri hayran qalaman» h.basqa da qosıqların

kórkemlik ózgeshelikleri boyınsha talqıǵa tartıp, shayırdıń dóretiwshilik izlenislerin ashıp beriwge háreket ettik.

-Shayırdıń bul temadaǵı qosıqlarındaǵı kórkemlik qubılıslardı biz shayırlar Sh. Seyitov, G. Dáwletova shıǵarmaları menen salıstırıp qarap, olarda pikirdi beriw usılları, kórkem sózden paydalanıw sheberligi boyınsha pikir júrittik.

Juwmaqlap aytqanda, biz pitkeriw qánigelik jumısımızda házirgi qaraqalpaq lirikasında ekologiya máselesiniń sáwleleniwin shayırlar K.Karimov hám J.Izbasqanovlar shıǵarmaları tiykarında úyrenip, olardıń bul temadaǵı qosıqlarınıń ideyalıq, formalıq hám kórkemlik ózgesheliklerin ashıp beriwge háreket ettik. Shayırlar dóretiwshiliginde ekologiya mashqalasınıń sáwleleniwi aldaǵı waqıtta keń hám hár tárepleme úyreniwdi kútip qaladı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar

## Baslı ádebiyatlar


1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. Тошкент, “Ўзбекистон” НМИУ, 2017. – 29 б.
2. Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гарови. “Ўзбекистон” НМИУ, 2017. – 47 б.
3. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. “Ўзбекистон” НМИУ, 2017. – 485 б.
4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича ҳаракатлар стратегияси тўғрисида” ги ПФ-4947-сонли Фармони. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2017 й., 6-сон, 70-модда
5. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 20 апрелдаги “Олий таълим тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги №2909-сонли Қарори
6. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Өзбекстан Жазыўшылар Аўқамының жумысын буннан былай да жетилистириў илажлары хаққында қарары. 2018-жыл 5-апрель


## II. Tiykarǵı ádebiyatlar


1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги, Нөкис, «Билим», 1994
2. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988,

3. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987
4. Аяпов А. Мустақиллик давридаги қорақалпоқ публицистик лирикаси. Автореферат канд. дисс. Нукус, 2010.
5. Базарбаев Ж. «Көңлим мүлки» жолға әнжам болғанда // «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2005, 15-сентябрь.
6. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари, Тошкент, «Ўзбекистон», 2002.
7. Есенов Ж. Қардың аппақлығы–кеўил пәклиги// «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2008, 23-февраль.
8. Dosımbetova A. Ádebiyatta kórkemlew quralları. Nókis, “Qaraqalpaqstan”, 2017.
9. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыўы тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004.
10. Járimbetov Q. Ádebiyattanıwdan sabaqlar. oqıw qollanba. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 2012.
11. Қуронов Д. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, «Абдулла Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти», 2004.
12. Мамбетниязов Т. Поэзия ҳаққында ойлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985.
13. Мәмбетниязов Т. Қарақалпақ совет лирикасы. Нөкис, «Қаракалпақстан», 1988.
14. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995.
15. Мәмбетов К. Қарақалпақ толғаўлары. Нөкис, «Билим», 1995
16. Нуржанов П. Верлибр ҳаққында ойлар// «Әмиўдәрья» журналы, 1990, №4
17. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993.

18. Nurjanov M. K.Karimov poeziyası: ideyali'q-tematikalıq baǵdarı. Janrli'q ózgesheligi. Obrazları. 5A120101–Ádebiyattanıw qánigeligi (qaraqalpaq ádebiyatı) magistr akademik dárejesin alıw ushın jazılǵan dissertaciya
19. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик изләниўшилик. Нөкис, «Билим», 1992.
20. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004.
21. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011.
22. Расулов А. Бадиийлик – безавол янгилик. Илмий- адабий мақолалар, талкинлар, этюдлар. Тошкент, «Шарқ», 2007.
23. Султанов И. Адабиёт назарияси. Тошкент, «Фан», 1981.
24. Turdıbaev Q. Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyası. Nókis, «Qaraqaqpaqstan», 2011.
25. Турдыбаев Қ. Қарақалпақ лиро-эпикалық поэзиясы. (библиографиялык көрсеткиш) Нөкис. «Қарақалпақстан», 2010.
26. Умуров Ҳ. Адабиёт назарияси, Тошкент, «Шарқ», 2002,
27. Хошниязов Ж. Мерўерт шықлар (рецензия)// «Жас Ленинши» газетасы, 1982, 19-май.
28. Худайбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, «Иқтисод-молия», 2007.
29. Худайбергенов К. Лирика ҳәм өмир. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1971.
30. Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.

## III. Kórkem ádebiyatlar

1. Аяпов Ш. Қус жолы. Нөкис, « Қарақалпақстан», 1986.
2. Избасқанов Ж. Лирика дәптеринен. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1982.
3. Избасқанов Ж. Өмирге қуштарлық. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.

4. Избасқанов Ж. Муҳаббаттың алмаз қырлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990.

5. Избасқанов Ж. Муҳаббат лирасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.

6. Избасқанов Ж. Мен күткен күн. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1993.

7. Избасқанов Ж. Жолларым узақ. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1995.

8. Избасқанов Ж. Ақ қуслар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2014.

9. Каримов К. Аралықлар (қосықлар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1981.

10. Каримов К. Мениң терезелерим (қосықлар ҳәм поэмалар). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985.

11. Каримов К. Аралдан келдим (қосықлар ҳәм поэма). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991.

12. Каримов К. Көңлим мүлки. Таңланған қосықлар. Нөкис, «Билим», 2005,

13. Сейитов Ш. Жоллар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.

14. Юсупов И. Дузлы самаллар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989.